



# KAD KONPETANS GLOBAL POU LEKTI

Klas 1e rive 9e AF

DESANM 2020



BILL & MELINDA  
GATES *foundation*



## REKONESANS

Dokiman sa, Kad Konpetans Global pou Lekti (GPF, pou akwonim li an Anglè, Kad la), pou klas premye ane rive nevyèm ane fondamantal, te devlope pa Enstiti Estatistik UNESCO (UIS, pou akwonim li an Anglè); Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyon (USAID, pou akwonim li an Anglè); Gwoup Bank Mondyal la; Biwo Zafè Etranjè, Patrimwàn komen ak Devlopman (FCDO, pou akwonim li an Anglè) (ki te rele otrefwa Depatman Devlopman Entènasyon Wayòm Ini [DFID, pou akwonim li an Anglè]); Konsèy Ostralyen pou Rechèch nan Edikasyon (ACER, pou akwonim li an Anglè); Fondasyon Bill ak Melinda Gates; ak reprezantan plizyè lòt òganizasyon devlopman patnè, ansanm ak yon latriye pwofesè inivisite. Yon lis konplè patisipan ki te pote ekspètiz konsiderab yo nan inisyativ sa a disponib nan seksyon kontribitè dokiman sa a.

GPF pou Lekti defini konesans ak konpetans enpòtan ki gen rapò ak lekti, ke elèv yo ta dwe devlope nan lekòl primè ak segondè. Li dekri tou nivo konpetans Minimal elèv yo dwe demontre, anrapò ak konesans ak konpetans ki defini, nan chak nivo klas, soti nan premye ane rive nan nevyèm ane.

Resous enpòtan sa a pa tap devlope san gwo kontribisyon tout patisipan yo ak aktè yo. San tan yo ak devouman yo, kad sa a pa tap egziste.

## **KONTRIBITÈ YO**

### **RESPONSAB ASOSYE YO**

Rebecca Rhodes, U.S. Agency for International Development  
Silvia Montoya, UNESCO Institute for Statistics

### **JENERALITE**

Manuel Cardoso, United Nations International Children's Emergency Fund (UNICEF)

Michael Crawford, The World Bank Group

Clio Dintilhac, The Bill & Melinda Gates Foundation

Jennifer Gerst, University Research Corporation Sean

Kelly, Management Systems International

Katarzyna Kubacka, National Foundation for Educational Research

Saima Malik, U.S. Agency for International Development

Rebecca Martinez, U.S. Agency for International Development

Shailendra Sigdel, UNESCO Institute for Statistics

Benjamin Sylla, U.S. Agency for International Development Hetal

Thukral, School-to-School International

Liz Twist, National Foundation for Educational Research

### **SIKOMETRISYEN YO**

Diego Bazaldua, The World Bank Group

Jeff Davis, Management Systems International Abdullah

Ferdous, Management Systems International

Goran Lazendic, Australian Council for Educational Research

### **RESPONSAB ASOSYE ANSEYAN AK ESPESYALIS PWOGRAM ETID YO**

Melissa Chiappetta, konsiltan endepandan, ke Fondasyon Bill & Melinda Gates te finansè

Norma Evans, Evans and Associates Educational Consulting Colin Watson, U.K. Department of Education, ke Foreign, Commonwealth and Development Office te finansè

### **MANM GWOUP TRAVAY YO**

Prue Anderson, Australian Council for Educational Research

Rachel Christine, Education Development Center

Ariel Cuadro, Catholic University of Uruguay, Uruguay Margaret (Peggy) Dubeck, RTI International

Keiko Koda, Carnegie Mellon University, USA

Nathalie Louge, FHI 360

Mark Lynd, School-to-School International

Juliette Mendelovits, Australian Council for Educational Research Emily Miksic, FHI 360

Pooja Nakamura, American Institutes for Research Ana

Palombo, Catholic University of Uruguay, Uruguay

Carola Ruiz, Catholic University of Uruguay, Uruguay

Kristina Solum, School-to-School International

Hanada Taha Thomure, Zayed University, Dubai Sylvia

Linan-Thompson, University of Oregon, USA

R. Malatesha Joshi, Texas A&M University, USA Min

Wang, University of Maryland, USA

## TAB MATYÈ

AKWONIM.....	VII
APÈSI SOU PWOSESIS DEVLOPMAN AN.....	I
OBJEKTIF KAD LA.....	2
ITILIZASYON KAD LA.....	3
TABLO 1: DEFINISYON NIVO KONPETANS MINIMAL GLOBAL YO.....	4
TABLO 2: ESTRIKTI GPF YO.....	5
TABLO 3: KONESANS AK KONPETANS KLE, PA NIVO KLAS.....	7
TABLO 4: ENDIKATÈ NIVO “SATISFÈ KONPETANS MINIMAL YO”.....	11
TABLO 5: ENDIKATÈ POU TWA PI WO NIVO KONPETANS YO.....	18
Klas 1e AF.....	19
Klas 2e AF.....	22
Klas 3e AF.....	25
Klas 4e AF.....	29
Klas 5e AF.....	33
Klas 6e AF.....	38
Klas 7e AF.....	44
Klas 8e AF.....	50
Klas 9e AF.....	56
GLOSÈ AK REFERANS.....	62
ANÈKS A: EGZANP KONPREYANSYON TÈKS AK ELEMEN LANGAJ PALE OSWA LANGAJ SIY.....	67
ANÈKS B: KONTINITE KONPLEKSITE TÈKS GPF LA AK EGZANP.....	75
ANÈKS C: TÈKS AK ELEMEN EGZANP.....	104

## TABLO YO

Tablo 1: Definisyon Nivo Konpetans Minimal Global yo.....	4
Tablo 2: Estrikti GPF yo.....	5
Tablo 3: Konesans ak Konpetans Kle, pa Nivo Klas.....	7
Tablo 4: Endikatè Nivo “Satisfè Konpetans Minimal yo”.....	11
Tablo 5: Endikatè pou Twa Pi Wo Nivo Konpetans yo.....	18
Tablo 6: Egzanp Klas 1e AF —C1.2.1.....	68
Tablo 7: Egzanp Klas 1e AF —C2.1.1.....	69
Tablo 8: Egzanp Klas 2e AF —C1.2.1.....	70
Tablo 9: Egzanp Klas 2e AF —C2.1.1.....	70
Tablo 10: Egzanp Klas 2e AF —C3.1.1.....	71
Tablo 11: Egzanp Klas 3e AF —C2.1.1.....	72
Tablo 12: Egzanp Klas 3e AF —C3.1.1.....	72
Tablo 13: Egzanp Klas 3e AF—C3.1.2.....	73
Tablo 14: Egzanp Klas 3e AF —C3.1.3.....	73
Tablo 15: Egzanp Klas 3e AF —C3.1.4.....	74
Tablo 16: Karakteristik Jeneral Tèks Klas 2e AF.....	79
Tablo 17: Karakteristik Jeneral Tèks Klas 3e AF.....	81
Tablo 18: Tip Tèks nan klas 3e AF.....	81
Tablo 19: Karakteristik Jeneral Tèks Klas 6e AF.....	90
Tablo 20: Tip Tèks nan klas 6e AF.....	90
Tablo 21: Karakteristik Jeneral Tèks Klas 9e AF.....	99
Tablo 22: Tip Tèks nan Klas 9e AF.....	99
Tablo 23: Klas 2e AF, Egzanp 1—Enfòmasyon (Deskripsyon): Van.....	105
Tablo 24: Klas 2e AF, Egzanp 2— Enfòmasyon (Deskripsyon): Maya.....	105
Tablo 25: Klas 2e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon: Zwit la.....	105
Tablo 26: Klas 3e AF, Egzanp 1—Istwa: Mango a.....	106
Tablo 27: Klas 3e AF, Egzanp 2—Istwa: Semans Tadala a.....	106
Tablo 28: Klas 3e AF, Egzanp 3—Istwa: Rena a ak Rezen yo.....	107
Tablo 29: Klas 3e AF, Egzanp 4—Enfòmasyon (Deskripsyon): Zèb.....	108
Tablo 30: Klas 3e AF, Egzanp 5—Enfòmasyon (Deskripsyon): Aliyah.....	108
Tablo 31: Klas 4e AF, Egzanp 1—Istwa: Aksidan an.....	109
Tablo 32: Klas 4e AF, Egzanp 2—Istwa: Noga Ti fi Piti a.....	110
Tablo 33: Klas 4e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon: Reken fanal Kout la.....	111
Tablo 34: Klas 4e AF, Egzanp 4—Enfòmasyon: Bèt yo nan lanati.....	112
Tablo 35: Klas 5e AF, Egzanp 1—Enfòmasyon: Gwo Krab Kokoye a.....	113
Tablo 36: Klas 5e AF, Egzanp 2—Enfòmasyon: Sèl.....	114

Tablo 37: Klas 5e AF, Egzanp 3—Istwa: Chiumbo ak Kabrit yo .....	115
Tablo 38: Klas 5e AF, Egzanp 4—Pwosed: Salad Fwi Zoranj ak Kadamòm .....	116
Tablo 39: Egzanp 1—Enfòmasyon: Somon Sevan .....	117
Tablo 40: Klas 6e AF, Egzanp 2—Istwa: Vye Kay la .....	121
Tablo 41: Klas 6e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon (pa kontinyèl): Orè Livrezon Seb la .....	125
Tablo 42: Klas 7e AF, Egzanp 1—Istwa: Twou a .....	127
Tablo 43: Klas 7e AF, Egzanp 2—Enfòmasyon: Kijan Kokiy Monte Mòn.....	129
Tablo 44: Klas 7e AF, Egzanp 3—Ekspresif: Chè Tonton ak Matant .....	131
Tablo 45: Klas 8e AF, Egzanp 1— Enfòmasyon: Bwose Dan Ou .....	132
Tablo 46: Klas 8e AF, Egzanp 2— Enfòmasyon (Tèks ki pa kontinyèl—Tablo): Dosye Enfòmasyon sou Peyi .....	135
Tablo 47: Klas 8e AF, Egzanp 3—Istwa: Lapen Parese .....	136
Tablo 48: Klas 9e AF, Egzanp — Enfòmasyon (Tèks Ki pa Kontinyèl — Dyagram ki Make): Balon .....	139
Tablo 49: Klas 9e AF, Egzanp 2— Istwa: Kripya .....	141
Tablo 50: Klas 9e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon (Melanj Kontinyèl ak Pa Kontinyèl): Premye Machin .....	143
Tablo 51: Klas 9e AF, Egzanp 4—Ekspresif: Entèlijans oswa Travay Di?.....	145

## AKWONIM

<b>ACER</b>	Konsèy Ostralyen pou Rechèch nan Edikasyon (Australian Council for Educational Research)
<b>DFAT</b>	Depatman Afè Etranje ak Komès Ostralyen (Australian Department of Foreign Affairs and Trade)
<b>DFID</b>	Depatman Devlopman Entènasyonal Wayòm Ini (U.K. Department for International Development)
<b>GAML</b>	Alyans Global pou Swivi Aprantisaj (Global Alliance for Monitoring Learning)
<b>GCFRR</b>	Kad Referans Kontni Global pou Lektè (Global Content Framework of Reference for Reading)
<b>GPD</b>	Endikatè Konpetans Global pou (Global Proficiency Descriptor)
<b>GPE</b>	Patenarya Global pou Edikasyon (Global Partnership for Education)
<b>GPF</b>	Kad Konpetans Global (Global Proficiency Framework)
<b>GPL</b>	Nivo konpetans Minimal Global yo (Global Minimum Proficiency Level)
<b>IBE</b>	Biwo Edikasyon Entènasyonal UNESCO (International Bureau of Education (UNESCO))
<b>OECD</b>	Òganizasyon pou Koperasyon Ekonomik ak Devlopman (Organisation for Economic Co-operation and Development)
<b>PISA</b>	Pwogram pou Evalyasyon Elèv Entènasyonal (Programme for International Student Assessment)
<b>PLM</b>	Metòd Etablisman Lyezon ant Politik pou etabli kritè Referans Global (Policy Linking Method to set global benchmarks)
<b>PLT</b>	Zouti Etablisman Lyezon ant Politik pou etabli kritè Referans Global (Policy Linking Toolkit to set global benchmarks)
<b>SDG</b>	Objektif Devlopman Dirab (Sustainable Development Goal)
<b>UIS</b>	Enstiti Estatistik UNESCO (UNESCO Institute for Statistics)
<b>UNESCO</b>	Òganizasyon Nasyonzini pou Edikasyon, Syans ak Kilti (United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization)
<b>USAID</b>	Ajans Etazini pou Devlopman Entènasyonal (U.S. Agency for International Development)


## APÈSI SOU PWOSESIS DEVLOPMAN AN

Kad Konpetans Global pou Lekti (ki rele tou GPF oswa kad la) defini *nivo konpetans minimal global* ke elèv yo dwe demontre nan fen chak klas, soti nan klas premye ane rive nan nevyèm ane fondamantal. GPF te devlope pa anseyan lekti, espesyalis pwogram etid, ak sikometrisyen ki gen anpil eksperyans nan devlope ak aplike pwogram lekti nan yon pakèt peyi ak kontèks. Non yo ak afilyasyon yo mansyone nan seksyon kontribitè yo nan dokiman sa a.

Pwosesis devlopman an te trè long. Li te kòmanse nan mwa Oktòb 2018 ak devlopman Kad Referans Kontni Global pou Lekti la (GCFRR, pou akwonim li an Anglè) gras ak Biwo Edikasyon Entènasyonal UNESCO (IBE, pou akwonim li an Anglè). GCFRR sentetize enfòmasyon sou kontni ak kad evalyasyon ki soti nan plis pase 50 peyi nan mond lan, sa ki montre imaj atant jeneral tout peyi yo genyen konsènan pèfòmans elèv yo nan lekti.

Nan mwa avril ak jen 2019, anseyan lekti yo, espesyalis pwogram etid yo, ak sikometrisyen nan mond lan te rankontre nan Washington, D.C. pou defini yon pwogresyon ki baze sou rechèch konesans ak konpetans minimal elèv nan klas dezyèm ane (oswa dezyèm ane primè) rive nan klas sizyèm ane (oswa sisyèm ane primè) ta dwe demontre ak respè pou domèn kle lekti yo, domèn ki baze sou GCFRR ak lòt pwogram etid nasyonal ak rejyonal ansanm ak kad evalyasyon ki te devlope pou lekti. Pwojè kad la te dekri pèfòmans elèv yo nan kat nivo konpetans jan sa montre nan **Figi 1** anba a: *Anba nivo Pasyèlman Satisfè Konpetans Minimal Global yo, Pasyèlman Satisfè Konpetans Minimal Global yo, Satisfè Konpetans Minimal Global yo ak Depase Konpetans Minimal Global yo*, pou chak kapasite oswa konesans ki kenbe.

**Figi 1: Nivo Konpetans Global yo (GPLs, pou akwonim li an Anglè)**



Yo te teste pwojè dokiman Kad la nan omwen nèf peyi, tankou Bangladèch, Djibouti, Ganbya, Gana, Lend, Madagaska, Malawi, Nijerya, ak Senegal pandan ane akademik 2019-2020 an. Kòmanse nan mwa me 2020, leson yo te aprann nan tès sou teren sa yo te montre òganizasyon an yon dezyèm seri konsiltasyon ak anseyan lekti yo, ekspè nan pwogram etid yo, ak sikometrisyen nan kominote mondyal la, anpil nan yo te patisipe nan premye tou a. Pandan plizyè delibèasyon ki te fèt sou Entènèt ant mwa Me ak Dawou 2020, ekspè yo te revize premye GPF la epi ajoute klas en (premye ane), sèt, ywit, ak nèf. Rezilta a se yon GPF ki kouvri tout nèf ane edikasyon debaz yo.

GPF se rezilta anpil diskisyon pwolonje ak deba rich, ki gen nanm, sou yon peryòd dizwit mwa. Echanj ekspètiz san pran souf sa a te akouche yon kad evalyasyon pou lekti konplè, ki baze sou prèv e ki reprezante konsansis kominote mondyal la sou sa elèv yo ta dwe konnen ak kapab fè nan lekti.

GPF la, li menm tou se rezilta kolaborasyon laj ant ajans donatè yo ak òganizasyon kap fè evalyasyon yo e ki angaje nan devlope ak aplike metòd komen kap mezire ak repòte pwogrè sou Objektif Devlopman Dirab (SDG, pou akwonim li an Anglè) 4, pami yo Enstiti pou Estatistik UNESCO (UIS, pou akwonim li an Anglè), Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal (USAID, pou akwonim li an Anglè), Biwo Etranje, Patrimwàn komen ak Devlopman (FCDO, pou akwonim li an Anglè) (ansyen Depatman Devlopman Entènasyonal Wayom Ini (DFID, pou akwonim li an Anglè), Gwoup Bank Mondyal la, Patenarya Global pou Edikasyon



(GPE, pou akwonim li an Anglè), Depatman Zafè Etranje ak Komès Ostralyen (DFAT, pou akwonim li an Anglè), Konsèy Ostralyen pou Rechèch nan Edikasyon (ACER, pou akwonim li an Anglè), ak Fondasyon Bill ak Melinda Gates. Òganizasyon sa yo te bay sipò teknik ak finansye enpòtan pou devlopman GPF la ak tès sou teren yo. UIS, kòm "sous ofisyèl done ki konparab atravè mond lan sou edikasyon" pou SDG yo (Kad Edikasyon 2030 pou Aksyon, an Anglè se Education 2030 Framework for Action, 2015), se òganizasyon prensipal jefò kolaborasyon sa a, epi tou gras ak wòl li nan òganize Alyans Mondyal pou Kontwòl Aprantisaj la. (GAML, pou akwonim li an Anglè).

## OBJEKTIF KAD LA

Objektif jeneral GPF la se bay peyi yo ak òganizasyon evalyasyon rejyonal/entènasyonal yo yon referans komen oswa yon echèl pou rapòte pwogrè sou anseyan 4.1.1 SDG yo nan fòm yon definisyon komen sou konpetans minimal elèv yo dwe demontre nan pwèn kle yo sou pakou aprantisaj yo. Endikatè sa a angaje siyatè yo pou yo swiv:

Pwopòsyon timoun ak jèn moun: (a) nan klas 2/3e AF, (b) nan fen primè, ak (c) nan fen klas fondamantal ki satisfè omwen yon nivo konpetans minimal nan (i) lekti ak (ii) matematik, selon sèks yo.

GPF la pèmèt yo entèprete rezilta diferan evalyasyon nasyonal, rejyonal, oswa entènasyonal yo sou baz yon referans komen oswa echèl. Lè yon peyi oswa yon jiridiksyon konekte evalyasyon yo a ak GPF atravè yon pwosesis ki rele lyezon ant politik, ki dekri nan Zouti Lyezon ant Politik la,<sup>1</sup> yo kapab fikse kritè pou evalyasyon yo ki pèmèt yo detèmine pousantaj moun k'ap aprann yo ki pasyèlman satisfè, satisfè, oswa depase Konpetans Global Minimal yo nan lide pou rapòte kont SDG 4.1.1. Lyen evalyasyon lekti ki deja egziste ak sa ki pral egziste sa atravè yon echèl komen (GPF) pèmèt konparezon rezilta diferan evalyasyon, nan ak atravè peyi yo; regwoupe rezilta lekti nasyonal ak mondyal yo; epi swiv rezilta yo pandan yon peryòd tan.

Malgre ke objektif prensipal Kad la a se founi yon referans oswa yon echèl komen pou kominike ak entèprete rezilta evalyasyon nasyonal, rejyonal, ak entènasyonal yo nan lekti, Kad la te pwouve tèt li kòm yon zouti valab pou peyi ak òganizasyon ki enterese nan devlope nouvo evalyasyon pou mezire pwogrè sou estanda komen ak mondyal yo, oswa nan egzamine de fason kritik nan ki nivo pwogram etid ki egziste deja yo ap devlope konpetans kominote entènasyonal la idantifye kòm kritik pou sipòte aprantisaj nan yon sèten tan. GPF la pemet peyi yo egzamine aliyman ant estanda yo, pwogram etid yo, evalyasyon yo, pwogram fòmasyon pwofesè yo, materyèl ansèyman, ak pratik nan salklas yo ak atant Minimal elèv yo nan GPF la. Itilizasyon GPF la pou rezon adisyonèl sa yo te lakòz anpil refleksyon pwofon sou kalite ansèyman ak aprantisaj la epi sou nati bon jan evalyasyon solid.

Finalman anpil nan òganizasyon patnè ki sipòte inisyativ sa tankou USAID, te ajiste evalyasyon anseyan pa yo pou aliye yo ak Objektif Devlopman Dirab yo, e sitou SDG 4.1.1. GPF la founi òganizasyon sa yo zouti valab pou kontwòl pwogrè pandan yon peryòd tan.

---

<sup>1</sup> Zouti Lyezon ant Politik la akonpaye peyi yo ak òganizasyon evalyasyon yo atravè yon pwosesis etap pa etap pou etabli kritè referans oswa estanda ki aliye entènasyonalman pou pwòp evalyasyon yo. Pwosesis la itilize yon metodoloji yo rekonèt entènasyonalman ki rele Angoff Modifye.

## ITILIZASYON KAD LA

GPF la gen senk tablo:

- **Tablo 1** prezante kat Nivo Konpetans Global yo (GPL) epi li bay definisyon jeneral brèf sou chak nan kat nivo yo, jan ekip ekspè yo defini l (gade **Figi 1** pi wo a pou yon deskripsyon nivo yo). Kat nivo yo konsène tout nivo klas ki vize yo pou lekti ak matematik (dènye a detaye anba Kad Konpetans Global pou matematik la). Nivo Satisfè Konpetans Minimal Global yo dekri konesans ak kapasite elèv ki satisfè atant Minimal pou Endikatè SDG 4.1.1 yo, ak pou egzijans rapò USAID yo. Malgre ke rapò SDG yo sèlman mande pou peyi yo rapòte sou pousantaj elèv ki te satisfè oswa depase nivo Minimal sa a, GPF la dekri pèfòmans elèv nan twa lòt nivo: Depase Konpetans minimal Global, Pasyèlman Satisfè Konpetans minimal Global, ak Anba Pasyèlman Satisfè Konpetans minimal Global. Ekip GPF la te etabli nivo konpetans adisyonèl sa yo pou ede peyi yo ak òganizasyon evalyasyon yo bati yon imaj detaye sou pwogrè peyi a pou tout elèv ki satisfè, oswa depase, konpetans minimal global la. Sepandan, Kad la pa gen ladan endikatè pèfòmans pou nivo Anba Pasyèlman Satisfè Konpetans minimal Global. Olye de sa, pèfòmans elèv nan nivo sa yo pi ba pase nivo kritè referans yo fikse pou Pasyèlman Satisfè Konpetans minimal Global la.
- **Tablo 2** bay yon apèsi sou GPF Lekti a. Li esplike diferan domèn ki kenbe yo e nosyon espesifik ak sou-nosyon ki adrese nan chak domèn ansanm ak nivo klas kote yo adrese yo. Koulè wouj ki nan Tablo sa koresponn ak domèn.
- **Tablo 3** founi yon dezyèm apèsi pi detaye sou GPF la. Pou chak domèn, li bay nosyon, ak sou-nosyon konesans ak/oswa konpetans kle yo adrese yo, pa nivo klas.<sup>2</sup> Tablo 3 a pèmèt espesyalis pwogram etid ak evalyasyon yo idantifye byen vit atik yo nan yon evalyasyon yo bay ki evalye konesans ak konpetans ki adrese nan GPF la. Rezilta analiz la founi endikasyon sou degre aliyman ant yon evalyasyon ak konesans ak kapasite nan GPF la. Pwosesis aliyman sa a se premye travay la, Travay 1, nan pwosesis lyezon ant politik la, ki dekri an detay nan Zouti Lyezon ant Politik la. Koulè wouj ki nan Tablo sa koresponn ak sou-nosyon.
- **Tablo 4** rezime yon deskripsyon de sa elev ki nan nivo "Satisfè Konpetans minimal Global" yo ka fè pou chak konesans ak kapasite, nan chak nivo klas yo (sa rele yon Endikatè Konpetans Global [GPD, pou akwonim li an anglè]). Li founi yon apèsi sou pwogresyon konesans ak konpetans pandan elèv yo ap monte nan lot nivo klas. Tablo a itil sitou pou gouvènman oswa òganizasyon evalyasyon ki enterese nan etabli yon sèl kritè referans pou yon evalyasyon, sa vle di, nòt Minimal ki nesèsè pou satisfè egzijans konpetans minimal global yo. Koulè wouj ki nan Tablo sa koresponn seri GPD ki lye yo.
- **Tablo 5** gen GPF konplè a, ak GPD yo (ke yo rele tou pèfòmans estanda) pou tout kat nivo konpetans yo, pa nivo klas pou chak konesans ak konpetans. Tablo sa a itil sitou pou gouvènman oswa òganizasyon evalyasyon ki entèrese nan etabli plizyè kritè referans, ki koresponn ak pèfòmans ki pi ba a nan chak GPL, pou bay yon imaj pi detaye sou pousantaj elèv nan chak kategori. Tablo 5 gen ladan tou, pou kèk nivo klas, egzanp ilustrasyon kalite tèks elèv nan chak nivo klas yo ta dwe kapab li, ak ki kalite kesyon yo ta dwe kapab reponn. Egzanp yo enkli pou klarifye deskripsyon ki kalite kesyon lekti oswa aktivite elèv ki ap aprann yo ta dwe kapab konplete.

---

<sup>2</sup> Konesans oswa konpetans yo pafwa rele kontni estanda nan peyi yo. Sepandan, otè yo te fè espere pa itilize tèm sa a, kòm yo espere ke peyi yo pral gen pwòp kontni estanda nasyonal yo, ki ka pa aliye dirèkteman ak kad sa a. Malgre sa, peyi ki pa gen kontni estanda nasyonal oswa ki ta vle revize estanda pa yo pou l ka pi byen aliye ak atant mondyal ak pwogresyon devlopman yo ka itilize konesans oswa konpetans ki prezante nan tablo sa a pou gide diskisyon yo ak planifikasyon yo. Li enpòtan tou pou sonje ke sistèm edikasyon k'ap byen fonksyone gen kontni estanda ak pèfòmans ki aliye youn ak lòt ansanm ak pwogram etid yo, fòmasyon pwofesè yo, materyèl yo, ansèyman nan salklas yo, ak evalyasyon yo.

**Glosè**— Yon glosè eleman kle aprè tablo yo.

**Deskripsyon kompleksite tèks**—Finalman, anèks GPF yo gen ladan spesifikasyon sou nati (egzanp, longè, nivo difikilte, ak kontni) tèks yo sipoze elèv nan chak nivo klas yo kapab konprann lè yo li yo (gade **Anèks A**) epi li pou kont yo (gade **Anèks B**), ansanm ak kalite eleman evalyasyon lekti yo sopoze kapab reponn (gade **Anèks A** pou eleman Domèn Konpreyansyon Langaj Pale oswa Langaj Siy ak **Anèks C** pou eleman pou Domèn Konpreyansyon Lekti a). Sa yo enpòtan, paske anpil nan endikatè pèfòmans yo gen ladan yo referans tèks nivo klas yo, men, peyi yo defini tèks nivo klas yo nan yon pakèk fason diferan. Kidonk, nan yon efò pou kreye rezilta konpatib atravè peyi yo, otè kad yo te bay yon deskripsyon de baz sou kalite tèks ki kalifye kòm tèks "nivo klas" pou chak klas, ki pran an kont diferan nivo kompleksite yo anrapò ak lang evalyasyon yo. Gen kèk nan tèks yo site yo te devlope pou itilize nan evalyasyon ke ACER te dirije. Gen lòt ki te devlope pou dènye vèsyon Pwogram Òganizasyon pou Koperasyon ak Devlopman Ekonomik (OECD) dirije pou Evalyasyon Elèv Entènasyonal (PISA)<sup>3</sup>. Otè yo rekonèt kontribisyon tou de ACER ak PISA nan finalizasyon GPF la.

**Dokiman Kle**— Tablo ki nan dokiman an genyen koulè kòd sa yo:

- Tèks nwa yo reprezante kontni prensipal yon domèn, nosyon, sou-nosyon, konesans, oswa konpetans, oswa GPD.
- Tèks wouj an italik yo endike yon egzanp yo ki te bay pou ede klarifye GPD a.

## TABLO 1: DEFINISYON NIVO KONPETANS MINIMAL GLOBAL YO

Nivo Konpetans minimal Global yo	Definisyon
Anba Pasyèlman Satisfè Konpetans Minimal Global yo	Elèv yo manke konesans ak kapasite elemantè yo. Kòm rezilta, jeneralman yo pa ka akonpli travay ki pi elemantè nan nivo klas yo.
Pasyèlman Satisfè Konpetans Minimal Global yo	Elèv yo gen konesans ak konpetans limite. Kòm ezilta, yo ka pasyèlman konplete travay elemantè nan nivo klas yo.
Satisfè Konpetans Minimal Global yo	Elèv yo devlope ase konesans ak konpetans. Kòm rezilta, yo ka konplete avèk siksè travay ki pi elemantè nan nivo klas yo.
Depase Konpetans Minimal Global yo	Elèv yo devlope konesans ak konpetans siperyè. Kòm rezilta, yo ka akonpli travay konplèks nan nivo klas yo.

<sup>3</sup> Gade OECD (2010), PISA 2009 Results: What Learners Know and Can Do: Student Performance in Reading, Mathematics and Science (Volim I), PISA, OECD Publishing, Paris, <https://doi.org/10.1787/9789264091450-en>.

## **TABLO 2: ESTRIKTI GPF YO**

Yon "x" vle di gen endikatè konpetans global (GPD) pou klas yo mansyone a. Si pa gen "x", sa vle di pa gen GPD pou nivo klas sa. Swa elèv yo te devlope konesans ak konpetans pou sou-nosyon sa yo nan nivo klas anvan yo, oswa yo poko pare pou demontre konesans oswa konpetans sa.

Domèn	Nosyon		Sou-nosyon	Klas										
				1	2	3	4	5	6	7	8	9		
<b>C</b> Konpreyansyon Langaj pale oswa langaj siy	<b>C1</b>	Tire enfòmasyon nan nivo mo	<b>C1.1</b>	Konprann langaj pale ak langaj siy nan nivo mo ak fraz	x	x								
			<b>C1.2</b>	Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nivo klas</u> yo nan yon kout fraz, <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la.	x	x								
	<b>C2</b>	Tire enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks	<b>C2.1</b>	Tire enfòmasyon eksplisit nan yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	x	x	x							
	<b>C3</b>	Entèprete enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks	<b>C3.1</b>	Entèprete enfòmasyon ki nan yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la		x	x							
<b>D</b> Dekode	<b>D1</b>	Presizyon	<b>D1.1</b>	Idantifye korespondans senbòl-son/òtograf dijital ak/oswa senbòl-mòfèm	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
			<b>D1.2</b>	Dekode mo izole yo	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	<b>D2</b>	Abilite	<b>D2.1</b>	Di oswa fè siy yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> ak vitès ak presizyon		x	x	x	x	x	x	x	x	x
<b>R</b> Konpreyansyon Lekti	<b>R1</b>	Tire enfòmasyon	<b>R1.1</b>	Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nivo klas</u> yo	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
			<b>R1.2</b>	Tire enfòmasyon eksplisit nan yon tèks nivo klas ak lyezon dirèk oswa lyezon mo rapwòche		x	x	x	x	x	x	x	x	x
			<b>R1.3</b>	Tire enfòmasyon eksplisit nan yon tèks nivo klas ak lyezon mo sinonim			x	x	x	x	x	x	x	x
	<b>R2</b>	Entèprete enfòmasyon	<b>R2.1</b>	Idantifye siyifikasyon mo ak ekspresyon enkonni nan yon tèks nivo klas			x	x	x	x	x	x	x	x
			<b>R2.2</b>	Tire konklizyon nan yon tèks nivo klas			x	x	x	x	x	x	x	x
			<b>R2.3</b>	Idantifye lide prensipal ak lide segondè nan yon <u>tèks nivo klas</u>			x	x	x	x	x	x	x	x
	<b>R3</b>	Reflechi sou enfòmasyon	<b>R3.1</b>	Idantifye <u>objektif</u> ak piblik yon tèks				x	x	x	x	x	x	x
			<b>R3.2</b>	Evalye yon tèks ak jistifikasyon				x	x	x	x	x	x	x
			<b>R3.3</b>	Evalye estati reklamasyon yo fè nan yon tèks						x	x	x	x	x
			<b>R3.4</b>	Evalye efakasite yon tèks									x	x

**TABLO 3: KONESANS AK KONPETANS KLE,  
PA NIVO KLAS**

**DOMÈN: C—KONPREYANSYON LANGAJ PALE OSWA LANGAJ SIY**

Nosyon	Sou-nosyon	Konesans oswa Konpetans	Klas								
			1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>C1</b> Tire enfòmasyon nan nivo mo	<b>C1.1</b> Konprann langaj pale ak langaj siy nan nivo mo ak fraz	<b>C1.1.1</b> - Konprann siyifikasyon <u>mo langaj pale oswa langaj siy nan nivo klas</u>	x	x							
		<b>C1.1.2</b> - Swiv enstriksyon langaj pale oswa langaj siy yo	x	x							
	<b>C1.2</b> Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nivo klas</u> yo nan yon kout fraz, <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la.	<b>C1.2.1</b> - Idantifye siyifikasyon mo <u>komen</u> nan <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	x	x							
<b>C2</b> Tire enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks	<b>C2.1</b> Tire <u>enfòmasyon eksplisit</u> nan yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	<b>C2.1.1</b> - Tire <u>enfòmasyon eksplisit</u> nan yon kout <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	x	x	x						
<b>C3</b> Entèprete enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks	<b>C3.1</b> Entèprete enfòmasyon ki nan yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	<b>C3.1.1</b> - Fè dediksyon senp ki baze sou <u>enfòmasyon eksplisit</u> nan <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la.		x	x						
		<b>C3.1.2</b> - Dedwi siyifikasyon mo nan <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la			x						
		<b>C3.1.3</b> - Asosye referans non ak pwonon nan <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la.			x						
		<b>C3.1.4</b> - Demontre yon konpreyansyon laj sou <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la			x						

**DOMÈN: D—DEKODE**

Nosyon	Soukonstriksyoin	Konesans oswa Konpetans	Klas								
			1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>D1</b> Presizyon	<b>D1.1</b> Idantifye korespondans senbòl-son/òtograf dijital ak/oswa senbòl-mòfèm	<b>D1.1.1</b> – Pwononse oswa fè siy senbòl nivo klas yo, si pwogram nan bay nouvo mo nan nivo klas sa.	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	<b>D1.2</b> Dekòde mo izole	<b>D1.2.1</b> – Di oswa fè siy <u>mo komen</u> , izole <u>nan nivo klas la</u>	x	x	x	x	x	x	x	x	x
<b>D2</b> Abilite	<b>D2.1</b> Di oswa fè siy <u>yon tèks kontinyèl nivo klas la</u> ak vitès ak presizyon	<b>D2.1.1</b> – Di oswa fè siy ak presizyon yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u>		x							
		<b>D2.1.2</b> – Di oswa fè siy byen yon <u>tèks kontinyèl nivo klas</u>			x	x	x	x	x	x	x

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI**

Nosyon	Sou-nosyon	Konesans oswa Konpetans	Klas									
			1	2	3	4	5	6	7	8	9	
R1 Jwenn Enfòmasyon	R1.1 Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nan nivo klas yo</u>	R1.1.1 – Rekonèt siyifikasyon <u>mo konnen nivo klas</u>	x	x	x	x	x	x	x	x	x	x
	R1.2 Tire enfòmasyon eksplisit nan yon tèks nivo klas ak lyezon dirèk oswa lyezon mo rapwoche	R1.2.1 - Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks nan nivo klas ak <u>yon lyezon dirèk oswa mo rapwoche</u>		x	x	x						
		R1.2.2 - Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks kontinyèl nivo klas ak <u>yon lyezon dirèk oswa mo rapwoche</u>					x	x	x	x	x	
		R1.2.3 - Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks non-kontinyèl (tablo, dyagram, graf) <u>nan nivo klas ak lyezon dirèk oswa mo rapwoche</u>					x	x	x	x	x	
	R1.3 Tire enfòmasyon eksplisit nan yon tèks nivo klas la ak lyezon mo sinonim	R1.3.1 - Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks nan nivo klas la ak <u>lyezon sinonim</u>			x	x						
		R1.3.2 - Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks nan nivo klas la ak <u>lyezon sinonim</u>					x	x	x	x	x	
R1.3.3 - Tire yon sèl enfòmasyon eksplisit nan yon tèks non kontinyèl nan nivo klas la (egzanp: <i>diagram ak tablo senp</i> ) ak <u>lyezon mo sinonim</u>						x	x	x	x	x		
R2 Entèprete enfòmasyon	R2.1 Idantifye siyifikasyon mo ak ekspresyon enkonni nan yon tèks nivo klas la	R2.1.1 – Idantifye siyifikasyon mo <u>enkoni (mo yo abitye ak mo yo pa abitye ladann)</u> ak ekspresyon ak <u>ekspresyon figire nan nivo yon klas</u>			x	x	x	x	x	x	x	
	R2.2 Fè konklizyon nan yon tèks nivo klas la	R2.2.1 - Fè dediksyon nan yon tèks nan nivo yon klas nan fè lyezon ant kèk enfòmasyon eksplisit oswa enplisit nan tèks la			x	x						
		R2.2.2 - Fè dediksyon nan yon tèks kontinyèl nivo yon klas nan fè lyezon ant kèk enfòmasyon eksplisit oswa enplisit nan tèks la					x	x	x	x	x	
		R2.2.3 - Fè dediksyon senp nan yon tèks ki pa kontinyèl nan nivo yon klas (egzanp: tablo, diagram, graf) nan fè lyezon ant kèk enfòmasyon eksplisit oswa enplisit					x	x	x	x	x	
		R2.2.4 – Idantifye sekans evenman/ aksyon/ etap nan yon tèks nan nivo yon klas				x	x	x	x	x	x	
		R2.2.5 - Idantifye, konpare, oswa kontraste opinyon nan yon tèks nan nivo yon klas					x	x	x	x	x	
		R2.2.6 - Idantifye, konpare, oswa kontraste prèv nan yon tèks nan nivo yon klas pou kore oswa eksplike yon lide, yon aksyon, oswa yon deklarasyon						x	x	x	x	
		R2.2.7 – Fè yon konklizyon sou yon tèks nan nivo yon klas nan fè sentèz enfòmasyon ki nan tèks la (6e AF rive nan 9)						x	x	x	x	
		R2.2.8 – Aplike enfòmasyon ki soti nan yon tèks nan nivo klas la nan yon nouvo egzanp oswa sitiyasyon										x
	R2.3 Idantifye lide prensipal ak lide segondè nan yon tèks nivo klas la	R2.3.1 – Idantifye <u>lide prensipal la</u> nan yon tèks nivo klas la lè li pa deklare aklè			x	x	x	x	x	x	x	x
R2.3.2 – Fè diferans ant yon <u>lide prensipal enpòtan</u> ak lide segondè nan yon tèks nan nivo klas la						x	x	x	x	x		



**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI**

Nosyon	Sou-nosyon	Konesans oswa Konpetans	Klas								
			1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>R3</b> Reflechi sou enfòmasyon	<b>R3.1</b> Idantifye <u>objektif</u> ak piblik tèks la	<b>R3.1.1</b> – Idantifye <u>objektif</u> yon tèks nan nivo klas la lè li pa deklare aklè, oswa karakteristik tèks la (egzanp: vokabilè oswa imaj, graf oswa lòt karakteristik ki pa nan tèks la)				x	x	x	x	x	x
		<b>R3.1.2</b> - Idantifye prèv nan tèks la ki kore <u>objektif</u> la nan yon tèks nan nivo yon klas la oswa karakteristik tèks la						x	x	x	x
		<b>R3.1.3</b> – Idantifye piblik la nan yon tèks ki nan nivo yon klas ak prèv ki nan tèks la ki kore afimasyon sa						x	x	x	x
	<b>R3.2</b> Evalye yon tèks ak jistifikasyon	<b>R3.2.1</b> – Bay yon <u>opinyon</u> sou yon tèks ki nan nivo yon klas epi itilize prèv ki nan tèks la ki jistifye opinyon sa				x	x	x	x	x	x
		<b>R3.2.2</b> – Evalye <u>konklizyon</u> yo prezante a nan yon tèks ki nan nivo yon klas									x
	<b>R3.3</b> Evalye estati reklamasyon yo fè nan yon tèks	<b>R3.3.1</b> – Fè diferans ant enfòmasyon ki chita sou fè reyèl ak <u>opinyon</u> nan yon tèks nan nivo yon klas						x	x	x	x
		<b>R3.3.2</b> – Evalye kredibilite yon tèks nan nivo yon klas nan fòma dijital oswa sou medya sosyal yo									x
	<b>R3.4</b> Evalye efakasite yon tèks	<b>R3.4.1</b> – Evalye efikasite karakteristik yon tèks nan nivo yon klas (egzanp: imaj/graf, karateristik ki pa nan tèks la, ak vokabilè)								x	x

**TABLO 4: ENDIKATÈ NIVO “SATISFÈ  
KONPETANS MINIMAL YO”**

**DOMÈN: C—KONPREYANSYON LANGAJ PALE OSWA LANGAJ SIY | Nosyon: C1—Jwenn Enfòmasyon nan nivo mo yo**

Nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>C1.1</b> Konprann langaj pale ak langaj siy nan nivo mo ak fraz	Lè w ap koute yon <u>mo komen nivo klas 1e AF</u> , fè koresponn mo a ak yon objè oswa yon foto ( <i>egzanp, li kapab lonje dwèt sou foto k ap monte yo lè yo prezante kat foto</i> ).	x								
	Lè w ap koute yon <u>mo komen nivo klas 2e AF</u> , fè koresponn mo a ak yon objè oswa yon foto ( <i>egzanp, li kapab montre foto chemiz a ba a pami kat foto yo prezante</i> ).		x							
	Swiv enstriksyon yon sèl etap langaj pale oswa langaj siy ak <u>mo komen nivo klas 1e AF</u> yo ak kèk detay ( <i>egzanp, ranmase chapo wouj la</i> ).	x								
	Swiv enstriksyon de etap langaj pale oswa langaj siy ak <u>mo komen nivo klas 2e AF</u> oswa enstriksyon detaye yon sèl etap ( <i>egzanp, pran kreyon an, ban mwèn li; lonje dwèt sou foto ti fi ki gen cheve long kap kouri a</i> ).		x							
<b>C1.2</b> Idantifye siyifikasyon mo <u>komen</u> nan <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	Lè w ap koute yon kout <u>tèks kontinyèl klas 1e AF</u> (apeprè 2 oswa 3 fraz), ki senp, idantifye siyifikasyon mo <u>komen</u> yo. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks A.</i> )	x								
	Lè w ap koute yon kout <u>tèks kontinyèl klas 2e AF</u> , idantifye siyifikasyon mo <u>komen</u> yo. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks A.</i> )		x							

**DOMÈN: C—KONPREYANSYON LANGAJ PALE OSWA LANGAJ SIY | Nosyon : C2—Tire enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Grade								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>C2.1</b> Tire enfòmasyon eksplisit nan yon kout <u>tèks kontinyèl nivo klas</u> yo li oswa fè siy pou elèv la	Lè w ap koute yon senp <u>tèks kontinyèl nivo klas 1e AF</u> 2 oswa 3 fraz, tire enfòmasyon eksplisit ak senp <u>mo sinonim ki lye</u> lè pa gen okenn <u>enfòmasyon ki an konpetisyon</u> . Jeneralman sa ap repons yon kesyon "kiyès," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks A.</i> )	x								
	Lè w ap koute yon kout <u>tèks kontinyèl nivo klas 2e AF</u> , tire enfòmasyon eksplisit ak <u>mo dirèk oswa mo rapwòche ki lye</u> oswa ak <u>mo sinonim lye</u> ki senp lè gen enfòmasyon <u>kontradiktwa</u> ki limite. Jeneralman sa ap repons yon kesyon tankou "ki moun," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks A.</i> )		x							
	Lè w ap koute yon kout <u>tèks kontinyèl nivo klas 3e AF</u> , tire enfòmasyon eksplisit ak <u>mo dirèk oswa mo rapwòche ki lye</u> oswa ak <u>mo sinonim lye</u> ki senp lè gen enfòmasyon <u>kontradiktwa</u> limite. Jeneralman sa ap repons yon kesyon tankou "ki moun," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )			x						

**DOMÈN: C—KONPREYANSYON LANGAJ PALE OSWA LANGAJ SIY | Nosyon: C3—Tire enfòmasyon nan nivo fraz oswa tèks**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>C3.1</b> Entèprete enfòmasyon nan yon tèks kontinyèl kout nivo klas yo li oswa fè siy pou elèv la	Lè w ap koute yon kout tèks kontinyèl nivo klas 2e AF, fè dediksyon senp lè w konekte moso enfòmasyon enpòtan, eksplisit, lè gen plizyè endikasyon ak enfòmasyon kontradiktwa limite. Jeneralman sa ap repons yon kesyon tankou "poukisa" oswa "ki jan". (Gade eleman egzanp yo nan Anèks A.)		x							
	Lè w ap koute yon kout tèks kontinyèl nivo klas 3e AF, fè dediksyon senp lè w konekte moso enfòmasyon enpòtan, eksplisit ki nan plizyè pati nan tèks la ak lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite epi repons lan pa deklare aklè. Jeneralman sa ap repons yon kesyon tankou "poukisa" oswa "ki jan". (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)			x						
	Lè w ap koute yon kout tèks kontinyèl nivo klas 3e AF, fè dediksyon senp pou jwenn siyifikasyon mo enkonni lè gen endikasyon enpòtan (egzanp: sèvi ak endikasyon mòfolojik espesifik lang oswa endikasyon kontèks pou idantifye siyifikasyon mo enkonni yo). (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)			x						
	Lè w ap koute yon kout tèks kontinyèl nivo klas 3e AF, asosye referans mo ak pwonon yo lè gen enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)			x						
	Lè w ap koute yon kout tèks kontinyèl nivo klas 3e AF, demontre yon konpreyansyon laj de tèks la lè ou konekte enfòmasyon enplisit ak eksplisit yo (egzanp, idantifye lide prensipal yo, evenman yo, oswa pèsonaj yo). (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)			x						

**DOMÈN: D—DEKODE | Nosyon : D1—Presizyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>D1.1</b> Idantifye korespondans senbòl-son/òtograf dijital ak/oswa senbòl-mòfèm	Di oswa fè siy avèk presizyon korespondans senbòl-son/òtograf dijital ak/oswa senbòl-mòfèm klas 1e AF la (espesifik ak lang ak peyi a).	x								
	Si kourikoulòm nan nivo klas la prezante nouvo senbòl, Di oswa fè siy avèk presizyon korespondans senbòl son/òtograf ak/oswa senbòl-mòfèm komen nan klas 2e AF- (espesifik ak lang ak peyi a).		x	x	x	x	x	x	x	x
<b>D1.2</b> Dekòde mo izole	Di oswa fè siy avèk presizyon mo komen, izole, nan nivo klas la (espesifik ak lang ak peyi a).	x	x	x	x	x	x	x	x	

**DOMÈN: D—DEKODE | Nosyon : D2—Abilite**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>D2.1</b> Di oswa fè siy avèk presizyon yon tèks kontinyèl nivo klas la ak vitès ak presizyon	Di oswa fè siy avèk presizyon yon tèks kontinyèl nivo klas 2e AF ki gen kèk erè (egzanp, pa plis pase 10 pousan mo ki nan tèks la).		x							
	Di oswa fè siy avèk presizyon yon tèks kontinyèl nivo klas la, nan yon vitès ki satisfè minimòm estanda nasyonal pou abilite byen pale pou lang evalyasyon an fèt ladan.			x	x	x	x	x	x	x

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon: R1—Jwenn enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>R1.1</b> Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nan nivo klas yo</u> (egzanp, lye yon mo yo bay ak yon ilistrasyon oswa yon sinonim oubyen bay yon definisyon tou kout an lag pale oswa lang siy).	Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nan nivo klas yo</u> (egzanp, lye yon mo yo bay ak yon ilistrasyon oswa yon sinonim oubyen bay yon definisyon tou kout).	x	x	x						
	Rekonèt siyifikasyon <u>mo komen nan nivo klas yo</u> (egzanp, lye yon mo yo bay ak yon ilistrasyon oswa yon sinonim oubyen bay yon definisyon tou kout).				x	x	x	x	x	x
<b>R1.2</b> Jwenn enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon tèks nivo klas ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>lyezon mo rapwòche</u>	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks klas 2e AF ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo adjasan ak mo ki lye epi pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa. Jeneralman sa ap repons kesyon tankou "ki moun," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)		x							
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks klas 3e AF ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo adjasan ak mo ki lye epi pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa. Jeneralman sa ap repons kesyon tankou "ki moun," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)			x						
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>enpòtan</u> , <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks klas 4e AF ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo adjasan ak mo ki lye a epi pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)				x					
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks nan nivo klas la ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo tou pre men yo pa adjasan ak mo ki lye a epi gen enfòmasyon kontradiktwa limite. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)					x	x	x	x	x
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks non kontinyèl 5e AF (egzanp, dyagram senp ak tablo) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa limite. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)					x				
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks non kontinyèl 6e AF (egzanp, dyagram senp, tablo ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)						x			
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks non kontinyèl 7e AF (egzanp, dyagram senp, tablo ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)							x		
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon tèks non kontinyèl nan nivo klas la (egzanp, dyagram detaye, tablo ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)								x	x
Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki satisfè de kritè nan yon tèks non kontinyèl nan nivo klas la (egzanp, dyagram detaye, tablo ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa <u>mo rapwoche</u> lè gen enfòmasyon kontradiktwa. (Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)								x	x	

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon: R1—Jwenn enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>R1.3</b> Tire enfòmasyon <u>eksplisit</u> nan yon <u>tèks nivo klas la</u> ak <u>lyezon mo sinonim</u>	Tire yon sèl enfòmasyon enpòtan, eksplisit ki soti nan yon <u>tèks klas 3e AF</u> ak <u>lyezon mo sinonim</u> lè pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa. Jeneralman sa ap repons kesyon tankou "ki moun," "kisa," "kilè," oswa "ki kote". ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )			x						
	Tire yon sèl enfòmasyon enpòtan, eksplisit ki soti nan yon <u>tèks nan nivo klas la</u> ak <u>lyezon mo sinonim</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa limite. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )				x	x				
	Tire yon sèl enfòmasyon enpòtan, eksplisit ki soti nan yon <u>tèks nan nivo klas la</u> ak <u>lyezon mo sinonim</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )						x	x	x	x
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon <u>tèks non-kontinyèl 5e AF</u> (egzanp: dyagram senp ak tablo) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa mo rapwoche lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa limite. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )					x				
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon <u>tèks non-kontinyèl 6e AF</u> (egzanp: dyagram senp, tablo, ak graf) ak <u>lyezon mo sinonim</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )						x			
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon <u>tèks non-kontinyèl 7e AF</u> (egzanp: dyagram, tablo, ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa mo rapwoche lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )							x		
	Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki soti nan yon <u>tèks non-kontinyèl nivo klas la</u> (egzanp: dyagram detaye, tablo, ak graf) ak <u>lyezon mo sinonim</u> lè enfòmasyon yo mande yo pa <u>enpòtan</u> epi gen enfòmasyon kontradiktwa. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )								x	x
Tire yon sèl enfòmasyon <u>eksplisit</u> ki satisfè de kritè ki soti nan yon <u>tèks non-kontinyèl 9e AF</u> (egzanp: dyagram, tablo, ak graf) ak <u>lyezon dirèk</u> oswa mo rapwoche lè gen enfòmasyon kontradiktwa. ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )									x	

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon : R2—Entèprete enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas								
		1	2	3	4	5	6	7	8	9
<b>R2.1</b> Idantifye siyifikasyon <u>mo enkon</u> (tankou <u>mo yo abitye</u> ak <u>yo epi yo itilize nan fason yo pa abitye</u> ) nan yon <u>tèks nan nivo klas</u> yo lè gen endikasyon <u>enpòtan</u> ( <i>egzanp, sèvi ak endikasyon langaj mòfolojik espesifik oswa endikasyon kontèks pou idantifye siyifikasyon mo enkon</i> ).				x	x	x	x	x	x	x
	Idantifye <u>siyifikasyon ekspresyon idyomatik</u> oswa figure nan yon <u>tèks klas 5e AF</u> lè gen plizyè endikasyon ( <i>egzanp, sèvi ak endikasyon semantik espesifik lang oswa endikasyon kontèks</i> ). ( <i>Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.</i> )					x	x	x	x	x

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon: R2—Entèprete enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas									
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	
<b>R2.2</b> Fè konklizyon nan yon tèks nivo klas la	Tire konklizyon senp nan yon tèks nivo klas 3e AF lè w fè lyezon ant de enfòmasyon eksplisit nan fraz youn apre lòt lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite. Jeneralman sa ap repons kesyon tankou "poukisa" oswa "ki jan". <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>			x							
	Tire konklizyon senp nan yon tèks nivo klas 4e AF lè w fè lyezon ant de enfòmasyon eksplisit nan yon paragaf, men ki pa nan fraz youn apre lòt lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>				x						
	Tire konklizyon senp nan yon tèks kontinyèl nivo klas la lè w fè lyezon ant de oswa plis enfòmasyon enplisit ak/oswa eksplisit (egzanp: relasyon koz oswa konparezon) nan yon paragaf, men ki pa nan fraz youn apre lòt lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>					x	x	x	x	x	
	Tire konklizyon senp nan yon tèks non-kontinyèl nan klas 5e AF (egzanp: dyagram detaye, tablo, ak graf) lè w fè lyezon ant de oswa plis enfòmasyon enplisit ak/oswa eksplisit (egzanp: relasyon koz oswa konparezon) nan de pati nan tèks la, lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>					x	x	x	x	x	
	Idantifye sekans rive nan kat evenman/aksyon/etap enpòtan nan yon tèks nan nivo klas la. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>				x	x					
	Idantifye sekans rive nan kat evenman/aksyon/etap enpòtan nan yon tèks nan klas 6e AF lè sekans lan prezante nan lòd kwonolojik nan tèks la. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>						x				
	Idantifye sekans rive nan kat evenman/aksyon/etap enpòtan ki gen ladann kèk ki pa twò enpòtan, nan yon tèks nan klas 7e AF lè ou dwe dedwi sekans lan (egzanp, yo pa di etap yo aklè) men gen enfòmasyon kontradiktwa limite. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>								x		
	Idantifye sekans rive nan kat evenman/aksyon/etap enpòtan nan yon tèks nan klas 8e AF lè ou dwe dedwi sekans lan (egzanp, yo pa di etap yo aklè) epi gen enfòmasyon kontradiktwa tankou delè ki monte youn sou lòt. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>									x	
	Idantifye sekans evenman/aksyon/etap enpòtan nan yon tèks nan klas 9e AF lè sekans lan pa prezante nan lòd kwonolojik nan tèks la. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>										x
	Idantifye yon pwennvi (egzanp, yon gwoup, pèsounaj, oswa otè a) nan yon tèks nivo klas la lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite ak lè pwennvi a enpòtan men li pa deklare aklè.					x	x	x			
	Idantifye, konpare, oswa kontraste pwennvi (egzanp, yon gwoup, pèsounaj, oswa otè a) nan yon tèks nivo klas la lè gen enfòmasyon kontradiktwa limite ak lè pwennvi a enpòtan men li pa deklare aklè.									x	x
	Idantifye prèv enpòtan nan yon tèks nivo klas la pou kore oswa eksplike yon lide, aksyon, oswa deklarasyon nan tèks la lè relasyon an pa klè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>							x	x	x	
	Idantifye, konpare, oswa kontraste prèv enpòtan nan yon tèks klas 9e AF pou kore oswa eksplike yon lide, aksyon, oswa deklarasyon nan tèks la lè relasyon an pa klè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>										x
	Idantifye yon konklizyon debaz nan yon tèks nivo klas 6e AF lè w fè sentèz enfòmasyon enpòtan ki soti nan youn oswa plizyè paragaf ak/oswa seksyon lè konklizyon an klèman enplike men li pa deklare aklè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>						x				
	Fè yon konklizyon debaz nan yon tèks nan nivo klas la lè w fè sentèz enfòmasyon enpòtan ki soti nan youn oswa plizyè paragaf ak/oswa seksyon lè konklizyon an klèman enplike men li pa deklare aklè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>								x	x	x
Aplike enfòmasyon ki soti nan yon tèks nivo klas 9e AF nan yon nouvo egzanp (egzanp, klasifye nouvo atik ki baze sou yon chema ki dekri) lè chema a klè epi ki baze sou plizyè kritè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>										x	
<b>R2.3</b> Idantifye lide prensipal ak lide segondè nan yon tèks nivo klas la	Idantifye <u>sijè jeneral</u> nan yon tèks nan nivo klas 3e AF lè li enpòtan men li pa deklare aklè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>			x							
	Idantifye <u>lide presipal</u> nan yon tèks nan nivo klas 4e AF lè li enpòtan men li pa deklare aklè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>				x						
	Idantifye <u>lide presipal</u> nan yon tèks nan nivo klas 5e AF lè li pa deklare aklè.					x					
	Fè diferans ant yon <u>lide prensipal enpòtan</u> ak lide segondè yo nan tèks klas 6e AF. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>							x			

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon: R2—Entèprete enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas									
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	
	Fè diferans ant yon lide prensipal enpòtan ak lide segondè yo nan tèks nan nivo klas la oswa yon pati nan tèks la (egzanp, yon paragraf) <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>								x	x	x

**DOMÈN: R—KONPREYANSYON LEKTI | Nosyon : R3—Reflechir sou enfòmasyon**

Sou-nosyon	Endikatè Konpetans Global pou "Satisfè Konpetans Minimal Global yo"	Klas									
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	
<b>R3.1</b> Idantifye objektif ak piblik tèks la.	Idantifye objektif yon tèks nan nivo klas la lè gen endikasyon enpòtan epi yo pa di objektif la aklè. <i>(Gade eleman egzanp yo nan Anèks C.)</i>				x	x					
R2.3.1_E	Ki lide prensipal nan tèks sa? A. Sèl gen anpil avantaj. B. Sèl danjre. C. Yo ka itilize sèl pou netwaye. D. Sèl fè ou fò.	A. Sèl gen anpil avantaj.	Pou konprann lide prensipal la nan tèks sa a se sentèz tout enfòmasyon eksplisit yo epi rive nan yon konklizyon. Tout lòt opsyon yo prezan nan tèks la men yo se lide segondè.
R3.1.1_M	Ki objektif tèks sou sèl sa a? A. Fè reklam li B. Bay enfòmasyon C. Bay yon avètisman D. Pataje konsèy pou kwit manje	B. Bay enfòmasyon	Idantifikasyon kalite tèks mande yon konpreyansyon sou prezantasyon an ak kontni nan tip sa. Tèks la gen endikasyon enpòtan ki endike li se yon tèks enfòmasyon, paske li konsantre sou bay yon seri reyalyte sou sèl.

**Tablo 37: Klas 5e AF, Egzanp 3—Istwa: Chiumbo ak Kabrit yo**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.1_P	<p>Papa Chiumbo te di, “Ou se yon gason ki gen chans anpil.”</p> <p>Poukisa Chiumbo gen anpil chans?</p> <p>A. Paske li kapab dòmi nan travay</p> <p>B. Paske papa li tann li</p> <p>C. Paske yo jwenn kabrit yo</p> <p>D. Paske li se pi bon gadò kabrit</p>	C. Paske yo jwenn kabrit yo	Koneksyon an dwe fèt ant deklarasyon papa fè a ak swivi enfòmasyon nan fraz apre a sou kabrit yo yo jwenn. Akòz ekplikasyon an ki plase tou pre a, pa gen posibilite pou gen enfòmasyon kontradiktwa.
R2.2.3_M	<p>Nimewote aksyon sa yo nan lòd yo pase nan istwa a.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon èg eseye pran yon ti kabrit</li> <li>• Chiumbo paka jwenn kabrit yo</li> <li>• Yon vòlè te pran kabrit yo</li> <li>• Yon granmoun gason pote kabrit yo tounen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon èg eseye pran yon ti kabrit (2)</li> <li>• Chiumbo paka jwenn kabrit yo (4)</li> <li>• Yon vòlè te pran kabrit yo (3)</li> <li>• Yon granmoun gason pote kabrit yo tounen (1)</li> </ul>	Fraz yo dekri kat evenman ki pase nan lòd kwonolojik nan istwa a epi yo bezwen ranje yo nan bon sekans lan.
R2.2.4_E	<p>Kijan Chiumbo santi li fas ak ti granmoun nan ak zwazo yo ki reveye li?</p> <p>A. Fache</p> <p>B. Rekonesan</p> <p>C. Konfi</p> <p>D. Eksite</p>	B. Rekonesan	Atik la bay de okazyon enpòtan kote pèsonaj yo reyaji menm jan pou yo te reveye. Tèks la montre reyaksyon li nan sa li di (“Mèsi, mesye” ak “mes, zwazo yo”) nan plas pou li ta deklare aklè sa li tap panse. Enfòmasyon kontradiktwa an se reyaksyon sanzatan sa ke li tap rekonesan ak di mèsi alòske lòt opsyon se reyaksyon moun pi fasil genyen lè yo reveye yo.
R3.2.1_M	<p>Eske ou panse yo ted we pini Chiumbo paske li tap dòmi nan plas li te veye kabrit yo?</p> <p style="text-align: center;">Wi      Non</p> <p>Itilize prèv nan tèks la pou kore repons ou an.</p>	<p>Reponn “wi” epi fè referans ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo vòlè kabrit yo paske li patap fè travay li</li> </ul> <p>OSWA</p> <p>Reponn “non” epi fè referans ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li di laverite</li> <li>• Li te aprann de erè li paske li se pi bon gadò kabrit nan vilaj la</li> </ul>	Tèks bay prèv ki kore nenpòt agiman. Yo bezwen yon konpreyansyon laj de istwa a pou kore agiman an. Prèv agiman pou tou de kote yo gen plas enpòtan nan tèks la.

**Tablo 38: Klas 5e AF, Egzanp 4—Pwosed: Salad Fwi Zoranj ak Kadamòm**

Ref #	Sijè	Kle akseptab	Nòt
R1.2.2_M	Ekri youn nan bagay yo di nan tèks la key o mete nan kaswòl.	(Zoranj) ji / kadamòm / myèl	Nou jwenn enfòmasyon an nan matche mo dirèk ak "Kaswòl", men li nan mitan lis pwosed a kidonk li pa enpòtan. Genyen kèk enfòmasyon kontradiktwa avèk "zoranj" ak "rezen" ki se engredyan ki nan lis la tou.
R1.3.2_M	Lis engredyan di 4 zoranj men se sèlman 3 yo kale epi koupe. Kisa yo fè ak lòt zoranj lan?	Ji / pire li pou ji	Koneksyon an dwe fèt nan matche mo sinonim " itilize lòt zoranj lan pou" nan kesyon an ak "mete ji yon zoranj" nan mitan lis pwosed a. Enfòmasyon ki nan tèks la pa enpòtan. Gen kèk enfòmasyon kontradiktwa nan enstriksyon ki gen rapò ak lòt twa zoranj yo.
R2.1.1b_M	"Triye rezen yo ..." Kisa "triye" vle di? A. Mete deyò B. Mete anndan C. Verifye D. Lave	C. Verifye	Ou dwe fè yon koneksyon ant ekspresyon senbolik "triye" nan kòmansman fraz la ak endis ki parèt imedyatman nan fen fraz la, "pou retire nenpòt tij."
R2.2.2_M	Chak fraz nan seksyon Enstriksyon yo kòmanse ak yon chif. Kisa nimewo sa sa yo vle di? A. Ki kantite bagay ou bezwen B. Lòd travay ou gen pou fè yo C. Klasman sa ki pi gou yo D. Kantite tan li pran pou li kwit	B. Lòd travay ou gen pou fè yo	Tèks sa a sèvi ak chif pou eksplike plizyè konsèp diferan (bay kantite, montre pwosed, ak mezi tan). Koneksyon an dwe fèt ant siyifikasyon chif yo nan seksyon Enstriksyon yo kòm yon fason pou di lòd travay yo. Sous prensipal enfòmasyon kontradiktwa an se nan seksyon Engredyan kote chif yo itilize pou montre kantite.
R2.2.3_M	Kisa ou bezwen fè lè ou fini mete ji a, myèl la, ak kadamòm la nan kaswòl la?	Fè referans ak chofe sòs la / chofe tou Dousman pandan 5 minit	Idantifye etap annapre a nan mitan yon tèks pwosed.
R3.1.1_M	Kisa ou ka aprann de tèks sa? A. Kijan pou ou an sekirite nan kwizin nan B. Kijan pouf è manje cho vin frèt C. Kijan pou ou koupe fwi D. Kijan pou ou fè desè	D. Kijan pou ou fè desè	Objektif tèks sa a dwe idantifye lè w konprann ki sa ki pral rezilta a lè ou swiv enstriksyon yo. Pandan ke gen anpil aksyon endividyèl ke yo endike, kesyon sa chita sou objektif jeneral tèks la.

## TÈKS AK EGZANP SIJÈ KLAS 6e AF

**Tablo 39: Egzanp 1—Enfòmasyon: Somon Sevan**

Ref #	Sijè	Kle akseptab	Nòt
R1.2.1_P	Kiyès ki entèdi peche nan letan an?	Fè referans ak gouvènman an	Ou ka fè yon lyezon dirèk ak "lapèch entèdi nan lak la" nan kòmansman twazyèm paragraf la. Enfòmasyon ki nesèsè yo adjasan ak mo ki matche yo epi gen enfòmasyon an konpetisyon limite, tankou li pa fasil pou yo bay kiltivatè yon entèdiksyon epi yo pa mansyone yo jis pita nan paragraf la.
R1.2.1_M	Poukisa yo te vini mete nouvo pwason nan letan an?	Fè referans ak pwovizyon manje, egzanp plis pwason pou peche/manje	Yo ka fè yon lyezon dirèk ak "nouvo pwason" nan dezyèm fraz dezyèm paragraf la. Fraz sa a dwe lye ak premye fraz la pou rekonèt ke pwason ki nan lis la se tout nouvo pwason yo. Tèks la di klèman ke yo te mete pwason sa yo nan lak la pou moun peche ak manje. Referans nan menm paragraf la ak Somon Sevan (pwason orijinal la) se enfòmasyon kontradiktwa.
R1.3.1_M	Kisa ki diminye kantite manje disponib pou Somon Sevan yo?	Fè referans ak nouvo pwason (manje manje Somon Sevan yo)	Enfòmasyon ki nesèsè yo sitiye nan fen dezyèm paragraf la. Lyen sinonim lan mande pou rekonèt ke si nouvo pwason an te manje anpil nan manje Somon Sevan yo te konn manje, sa vle di nouvo pwason yo te lakòz manje Somon Sevan yo redui. Gen enfòmasyon kontradiktwa tankou te gen lòt menas pou Somon Sevan yon (diminasyon nivo dlo ak plis moun ki peche Somon Sevan), men se pa sa yo ki te lakòz manje yo redwi.
R2.1.1_M	Kopye mo ki nan tèks la vle di menm bagay ak mete an danje.	Ekri "Komanse disparèt" oswa "disparèt"	Dezyèm fraz la nan tèks la idantifye ke pwason yo "an danje" disparèt. Nan lang angle, endikasyon mòfolojik ki soti nan mo baz "danje" nan "an danje" ede idantifye ke vin disparèt gen anpil rapò ak yo te an danje. Nan paragraf final la an danje fè referans ak yon egzanp ki montre siyifikasyon li se "lavi menase," kòm pwason yo an danje paske yo souvan pa kapab kwaze/repwoudui. Remake byen ke yo abitye ak mo "an danje" a ak "disparèt" nan lang angle a depann anpil de kontèks la. Sa pral afekte difikilte ki gen nan atik sa a.
R2.2.1_M	Poukisa Somon Sevan an an danje disparèt? Bay yon rezon.	Fè referans ak youn nan: lòt pwason manje manje yo, yo peche yo, nivo dlo yo desann / yo paka fè pitit	Yon koneksyon bezwen fèt soti nan deklarasyon an nan premye paragraf la ki idantifye Somon Sevan yo an danje pou yo disparèt nan dezyèm fraz la nan paragraf mitan an, kote yo bay de rezon. Ou ka idantifye yon twazyèm rezon lè ou fè yon koneksyon ak paragraf final la. Nenpòt youn nan rezon sa yo akseptab. Gen enfòmasyon kontradiktwa limite, tankou premye fraz dezyèm paragraf la idantifye yon rezon, men sa pa sifi poukont li pou eksplike pwoblèm somon yo.
R2.2.1_E	Poukisa Somon Sevan an an danje disparèt? Bay de rezon.	Fè referans ak youn nan: lòt pwason manje manje yo, yo peche yo, nivo dlo yo desann / yo paka fè pitit	Yon koneksyon bezwen fèt soti nan deklarasyon nan premye paragraf la ki idantifye Somon Sevan yo an danje pou yo disparèt nan dezyèm fraz la nan paragraf mitan an, kote yo bay de rezon. Ou ka idantifye yon twazyèm rezon lè ou fè yon koneksyon ak paragraf final la. Nenpòt de nan rezon sa yo se akseptab, sa ki fè li pi difisil e konsa "depase" nan plas "satisfè." Gen enfòmasyon kontradiktwa limite, tankou premye fraz nan dezyèm paragraf la idantifye yon rezon, men sa pa sifi poukont li pou eksplike pwoblèm Somon an.
R2.2.4_M	Ki atitid ekriven an konsènan Somon Sevan yo? A. Nwi B. byenveyan C. Kontan D. Pa enterese	B. Byenveyan	Opinyon ekriven an pa deklare aklè, men gen endikasyon enpòtan ki montre ekriven an gen sousi pou Somon Sevan an: yo wè disparisyon yo tankou yon danje; bagay ki menase pwason yo konsidere kòm pwoblèm; ak siy ki pi enpòtan an se nan fen an, kote ekriven an mande yon fason pou sove Somon an. Opinyon ekriven an pa deklare aklè.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.5_M	Kijan Somon an fè gen non sa ?	Fè referans ak letan an	Prèy ki montre Somon pote non lak la enpòtan, kòm li kache nan premye fraz la tankou se sèl kote yo jwenn Somon sa. Koneksyon an ak non Somon an pa klè.
R2.2.5_M	Aksyon gouvènman an ta vle di ke bezwen moun yo pi enpòtan pase Somon Sevan an. Idantifye prèy nan tèks la ki kore lide sa.	Fè referans ak ankourajman pou plis lapèch ak dlo moun yo bezwen pase somon	Lide ki ta vle di aksyon gouvènman an montre bezwen moun yo pi enpòtan pase sa Somon yo kache. Gen de sous prèy: yo ankouraje moun yo fè lapèch lè yo mete plis pwason nan lak la, epi bezwen moun yo pou dlo pa defye menm si li menase Somon yo. Yon lòt fason pou sove Somon an obligatwa. Tou de prèy yo enpòtan, paske yo se lide prensipal yo nan dezyèm ak twazyèm paragaf yo, respektivman.
R2.2.5_E	Aksyon gouvènman an ta vle di ke bezwen moun yo pi enpòtan pase Somon Sevan an. 1. Idantifye prèy nan tèks la ki kore lide sa. EPI 2. Idantifye prèy nan tèks la ki demanti lide sa.	1. Fè referans ak ankourajman pou plis lapèch ak dlo moun yo bezwen pase somon 2. Fè referans ak entèdiksyon lapèch, pou yo ka mete bezwen somon yo anvan	Lide ki ta vle di aksyon gouvènman an montre bezwen moun yo pi enpòtan pase sa Somon yo kache. Gen de sous prèy: yo ankouraje moun yo fè lapèch lè yo mete plis pwason nan lak la, epi bezwen moun yo pou dlo pa defye menm si li menase Somon yo. Yon lòt fason pou sove Somon an obligatwa. Tou de prèy yo enpòtan, paske yo se lide prensipal yo nan dezyèm ak twazyèm paragaf yo, respektivman. Pou depase, ou oblije gen prèy pou ta demanti pwennvi sa. Pandan ke enfòmasyon ki kòrèk la enpòtan tou, nan kòmansman twazyèm paragaf la, li pi difisil pou jwenn prèy ki sipòte pwennvi opoze yo. Lide ke gouvènman an kounya mete bezwen Somon yo devan moun yo tou enplike nan enfòmasyon adjasan yo nan gwo konpetisyon, tankou rès paragaf la se sou enpòtans bezwen moun yo.
R2.2.6_E	Ki atitid ekriven an nan sa ki konsène pwoblèm Somon Sevan yo? A. Ekriven an konnen kijan pou rezoud yo. B. Ekriven an espere pwoblèm nan pral rezoud. C. Ekriven pa panse gen moun ki kapab rezoud yo. D. Ekriven an panse yo pa ta bezwen rezoud yo.	B. Ekriven an espere pwoblèm nan pral rezoud.	Yo ka wè nan kèk endikasyon enpòtan atitid ekriven an nan pwoblèm Somon Sevan ki endike ke ekriven an klèman vle Somon an sove, ak kèk endikasyon plis sibtil ke ekriven an pa gen okenn lide oswa sijesyon sou fason pou fè sa, men espere ke sa pral rive.
R2.2.6_M	Tèks sa pale sou pwoblèm Somon Sevan yo. Kilès nan sa yo ki se yon rezime tèks la byen? A. Pwoblèm yo rezoud. B. Pwoblèm yo enkonni. C. Pwoblèm yo piti/ minè. D. Pwoblèm yo difisil.	D. Pwoblèm yo difisil.	Lide prensipal ke yo toujou bezwen sove Somon Sevan an deklare klèman, men lide ke sove li a difisil la enplisit. Sa a mande sentèz enfòmasyon enpòtan nan tout tèks la. Gen plizyè endikasyon pou kore sa, tankou pwoblèm ki dekri nan dezyèm paragaf la idantifye konsekans grav envolonètè, se sèlman kèk nan yo ki rezoud lè yo entèdi lapèch, ak pwoblèm nivo dlo a kap desann rete tankou yo pa ka rezoud epi chache yon nouvo solisyon. Opsyon ki pa kòrèk yo reflète yon gwo enkonpreyansyon sou lide prensipal la.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.3.1_E	<p>Ki lide prensipal dènnye paragraph la?</p> <p>A. Efè pozitif entèdiksyon lapèch la.</p> <p>B. Koz ak efè nivo dlo ba yo</p> <p>C. Diferan fason nou itilize dlo</p> <p>D. Kijan pou nou sove Somon Sevan yo.</p>	B. Koz ak efè nivo dlo ba yo.	Lide prensipal la ak lide segondè yo nan dènnye paragraf la te eksprime kòm jeneralizasyon, sa ki fè li pi difisil pou "depase" travay distenge lide prensipal la. Opsyon ki pa kòrèk yo se tout detay segondè ke yo mansyone nan dènnye paragraf la.
R3.1.1_M	<p>Ki objektif tèks sa?</p> <p>A. Rakonte yon istwa</p> <p>B. Fè piblisite pou yon pwodui</p> <p>C. Bay entriksyon</p> <p>D. Bay enfòmasyon</p>	D. Bay enfòmasyon	Idantifikasyon tip tèks mande konesans ekstèn diferan karakteristik ak estil yo. Tèks enfòmasyon yo se youn nan tip tèks ke nou prezante pi bonè. Tèks la gen karakteristik enpòtan, ke nou abitye nan yon tèks enfòmasyon tankou li konsantre sou Somon Sevan an epi lis plizyè pwoblèm ki mete somon an danje. Tèks la louvri ak kèk istwa alabaz, kidonk li ka entèprete kòm yon istwa, epi deskripsyon pwoblèm yo ak solisyon yo ta ka entèprete kòm enstriksyon, bay kèk enfòmasyon kontradiktwa limite sou tip tèks.
R3.2.1_M	<p>Djo ak Mari pa gen menm opinion sou ki pi gwo pwoblèm Somon Sevan yo ap konfwonte kounya.</p> <p><b>Djo</b> panse ke pi gwo pwoblèm nan se nouvo pwason yo nan letan an.</p> <p><b>Mari</b> panse ke pi gwo pwoblèm nan se nivo dlo yo nan letan an kap desann.</p> <p>Ak kiyès ou dakò?</p> <p>Antoure youn:</p> <p style="padding-left: 40px;">Djo Mari</p> <p>Itilize prèv nan tèks la pou bay rezon repons ou an.</p>	<p>Chwazi Djo epi fè referans ak Somon yo kap grangou / mouri nan batay pou manje / manke manje (montre ke se pa peche yo ki pwoblèm nan, paske se pa sa ki pwoblèm nan moman an)</p> <p>OSWA</p> <p>Chwazi Mari epi fè referans ak yo paka repwodui, konsa yo ap disparèt (manke dlo a pa sifi kòm repons)</p>	Yo dwe idantifye prèv ki enpòtan pou jistifye opinyon Djo oswa Mari. Prèv la enpòtan, paske li sitiye tou pre chak nan pwoblèm separe yo. Limit menas pou somon an enplike nan tou de ka yo, ki se ke Twit la pral mouri grangou oswa paske li paka kwaze.
R3.2.1_E	Nouvo pwason bay de pwoblèm. Eske entèdiksyon lapèch la rezoud tou de?	Fè referans ak sèlman rezoud lapèch Somon yo, men se pa rezoud manje yo yo manje	Nou bezwen evalye enpak yon aksyon. Enfòmasyon sou lapèch ke yo te entèdi bezwen lye ak paragraf anvan an kote de pwoblèm yo klèman dekri. Yon senp lyen oblije idantifye ke entèdiksyon lapèch pap anpeche moun peche somon an, ki se yon pwoblèm pou yo rezoud. Sepandan, kontrèman ak atant, lòt pwoblèm nan nouvo pwason yo manje menm manje ak somon an pa rezoud epi li mande ekstrapolasyon pi lwen pase tèks la. Nouvo pwason yo nan lak la, ki vle di ke yo ap toujou gen konpetisyon pou resous, epi petèt yo ka vin plis, paske yo pa peche yo tou ankò.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.3.1_M	<p>Kilès nan say o ki se yon opinyon?</p> <p>A. “Li an danje pou li disparèt pandan yon bon ti tan.”</p> <p>B. “Nouvo pwason yo manje anpil nan manje yo.”</p> <p>C. “Nivo dlo a nan letan an desann.”</p> <p>D. “Nou toujou bezwen yon fason pou nou sove Somon Sevan yo.”</p>	<p>D. “Nou toujou bezwen yon fason pou nou sove Somon Sevan yo.”</p>	<p>Genyen endis enpòtan sou enfòmasyon ki se opinyon, paske se deklarasyon yon dezi, tandiske lòt deklarasyon senpman bay kantite sou baz referans sou tan ak kantite, sa ki fè yo deklarasyon tipik reyalite.</p>

**Tablo 40: Klas 6e AF, Egzanp 2—Istwa: Vye Kay la**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.1_P	Kiyès ki te santi li fatige anpil ?	Fè referans ak Lee	Enfòmasyon an enpòtan paske li nan premye fraz la. Gen yon lyen dirèk ant "te trè fatige" ak Lee kòm enfòmasyon adjasan. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon. Gen sèlman de pèsonaj epi lye "santi" pou kont li sa ka mennen nan mal chwazi Chang.
R1.2.1_M	Poukisa Chang te panse pa genyen kras moun ki ap travay nan kay la?	Fè referans ak pòt la ki pat lòk oubyen jan li tap krake pou li louvri	"Pa gen moun ki abite" ka dirèkteman matche ak kòmansman dezyèm paragaf la, ak "isit la" nan tèks la bezwen matche ak "kay" nan kesyon an. Enfòmasyon ki enpòtan tou pre men mande yon lekti atravè yon echanj tou kout nan yon konvèsasyon pou jwenn kote Chang deklare dirèkteman rezon ki fè pòt la pa te fèmen.
R1.2.1_E	Bay de son pòt konn fè	Fè referans ak de nan sa yo: "crake," "jemi," oswa "grate"	Gen plizyè referans a pòt nan tèks la, kidonk mo a ka lye dirèkteman, men sèlman kèk referans a yon pòt gen yon son ki asosye ki dekri tou pre. Gen anpil enfòmasyon kontradiktwa tankou plizyè lòt son yo tandè, men se pa yon pòt ki fè yo.
R1.3.1_P	Ki deklarasyon ki te fèt an silans? A. "Kijan ou fè si?" B. "Pòt la pat menm te lòk!" C. "Ale an premye." D. "Ki bwi sa ye?"	A. "Kijan ou fè si?"	Nou oblije fè yon senp lyezon sinonim ant "trè trankilman" nan kesyon an ak "chichote" nan tèks la pou idantifye kilès nan deklarasyon yo bay yo ki te chichote. Repons ki kòrèk la se premye opsyon, ki se yon deklarasyon enpòtan nan kòmansman tèks la. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon tankou tout deklarasyon yo soti nan tèks la, men se yon sèl ki chichote aklè.
R1.3.1_M	Kisa mesye yo te deside ki bon nan kay la?	Fè referans ak youn nan yo: cho, soti nan van an, kapab repoze	Enfòmasyon sa pa enpòtan. Gen plizyè egzanp kay la fè moun pè. Se sèlman nan fen an Chang di li "pi bon pase yo ta deyò a," ki bay yon lyezon sinonim ak "bon" kòm yon karakteristik dezirab nan kay la. Lè sa a, Chang idantifye chalè ak repo. Nenpòt karakteristik akseptab. Gen enfòmasyon kontradiktwa, tankou eleman yo pè nan kay la sijere li pa apwopriye pou repoze ak bri van an sijere ke li fè frèt.
R1.3.1_E	Gen kèk bagay nan ansyen kay la ki kraze epi ki bezwen ranje. Chwazi de bagay ki kraze epi dekri kijan yo te fè kraze.	Fè referans ak de nan yo: chanyè nan pòt la, tiyo kap degoute, do kay fè, pòt pann / grate	Gen kèk sipò pou siyifikasyon "kase" nan kesyon an, paske yo dekri yo kòm "bagay ki bezwen ranje." Yo mande de lyezon sinonim kase nan kat posiblite yo: yon gon pòt la sot tonbe, yon tiyo ki koule ap bay dlo, yon bagay ap frape sou do kay tòl la, ak yon pòt pandye ap grate. Objè kase yo gaye nan tèks la, fè li pi difisil pou jwenn de moso, epi gen kèk enfòmasyon kontradiktwa, tankou yo mansyone yon kabann tou, men li pa kase.
R2.1.1_P	"... yon bagay ap fè bri sou tòl la." Kisa "fè bri" vle di?	Fè referans ak fè bri	Nan lang angle, "fraka" bay son tankou bri li fè, bay yon siy enpòtan. Genyen tou plizyè lòt endikasyon, paske pi fò nan tèks la se sou bwi ti gason yo tandè ki fè yo pè. (Remake byen "fraka" nan lang angle gen chans rive nan yon mo enkonni pou elèv yo klas sizyèm ane. Sa ka pa aplike nan lòt lang.)
R2.1.1_E	"Pòt la pat menm ko louvri!" Kijan Chang te parèt lè li te di sa? A. Pè B. Fou C. Pa konfyan D. Konfyan	D. konfyan	Gen endikasyon limite pou siyifikasyon Chang pale avèk fòs konviksyon, ke Chang bay lè li sijere yo ta dwe ale, ki vle di konfyans, ak kouraj, li di yo bezwen rete nan kay la jouk sa fini. Sepandan, Chang febli sa tou lè li pouse Lee nan pòt la an premye, sa ta montre ke Chang pa twò brav. Gen lòt enfòmasyon ki nan gwo konpetisyon, paske gen anpil rezon pou Chang pè. (Remake byen ke "ak konviksyon" nan lang angle gen anpil chans pou li yon mo enkonni pou elèv 6e AF. Sa ka pa aplike nan lòt lang.)



Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.1_E	Poukisa Chang pouse Lee devan pou Lee ale anvan?	Fè referans ak li te yon ti jan pè / li pa brav menm janm pale a	Sa se yon egzanp fè yon dediksyon malgre kèk enfòmasyon ki nan gwo konpetisyon, kòm gen kontradiksyon enplisit nan konpòtman Chang. Chang komanse mouvman pou antre nan kay la epi avèk fòs konviksyon li deklare pòt la pat menm fèmen, men lè li ensiste pou Lee ale an premye epi pouse devan, aksyon Chang nan vle di ke li yon ti jan nève nan moman an epi li ta pito se Lee ki pou ta fè fas a tout sa ki ta ka nan kay la an premye. Yon lekti literal ke Chang te janti, oswa Lee, pa kòrèk.
R2.2.3_P	Ki dènye bri yo tande nan istwa a? A. Jemisman B. Fraka C. Rèl D. Grate	C. Rèl	Yo idantifye dènye evènman an nan yon sekans bri ki dekri nan lòd kwonolojik. Sa vin pi fasil, li tou mansyone tou pre nan fen tèks la.
R2.2.3_M	Nimewote bri sa yo nan lòd ti gason yo te tande yo a: • Tiyo kap koule • Gon an kap frappe yon wòch • Frappe sou do kay la • Pòt kap krake louvri	Lòd la se: 3 2 4 1	Kat evènman yo nan lòd sekans kote yo prezante kwonolojikman nan tèks la.
R2.2.4_P	Poukisa Lee pa vle rete anndan kay la?	Fè referans ak pa renmen li / pè	Opinyon Lee sou pa renmen kay la ak pè li klèman deklare nan fen tèks la. Gen plizyè endikasyon pi bonè ke Lee ap santi eksperyans lan fè li pè. Gen kèk enfòmasyon kontradiktwa limite, tankou Chang ap aji ak kouraj pafwa, men yo itilize non pèsonaj yo souvan, sa fè referans pwonon yo fasil pou swiv.
R2.2.4_M	Kijan Chang santi li lè li nan kay la?	2 pwen: idantifye ambivalans 1 pwen: idantifye kouraj sèlman	For "meets," only a partial credit is achieved with the clues about Chang's confidence considered and the clues about his uncertainty ignored.
R2.2.4_E	How does Chang feel about being in the house?	2 points: identifies ambivalence of bravery and fear 1 point: identifies kouraj sèlman	Pou "depase," elèv ki idantifye ambivalans Chang fè de pwen. Chang komanse mouvman pou antre nan kay la epi avèk fòs konviksyon li deklare pòt la pat menm fèmen, men lè li ensiste pou Lee ale an premye epi pouse devan, aksyon Chang nan vle di ke li yon ti jan nève nan moman an epi li ta pito se Lee ki pou ta fè fas a tout sa ki ta ka nan kay la an premye. Chang pèdi vwa lè li ap eseye montre yon bri tankou yon chòv souri oswa yon zwazo pa anyen, li bay yon siy sou ensètitud li tou, men aprè avèk kouraj li di yo oblije rete paske yo bezwen chofe epi repoze.
R2.2.5_P	Lee di kay la fè moun pè. Dekri yon bagay Lee fè ki montre li pè.	Fè referans ak youn nan sa yo: pale tou piti, kenbe bra Chang, sifle	Lee di ke kay la fè moun pè. Kenbe bra Chang se prèv ki pi evidan ke li te pè, men chichote ak sifle se lòt endikasyon ke li ap eseye diskre, ki sijere laperèz tou. Apa fraz final la, tout aksyon anvan Lee yo se laperèz ki te fè li fè yo.
R2.2.5_M	Dekri youn nan prèv ki montre Chang te pè tou.	Fè referans ak youn nan sa yo: pouse Lee pou ale an premye, pèdi vwa	Chang pa janm admèt li pè. Li pale avèk fòs konviksyon okomansman ak kouraj alafen, men gen endikasyon enpòtan sou laperèz lè li pouse Lee nan pòt la an premye ak vwa li ki koupe. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon, ak de pèsonaj ki fè ka ou nan konfizyon; sepandan, yo itilize non pèsonaj yo souvan, sa ki fè referans pwonon yo fasil pou swiv.
R2.2.6_M	Kisa mesye yo te chwazi fè alafen?	Fè referans ak rete nan kay la	Koneksyon yo dwe fèt nan kat dènye fraz yo pou idantifye ke Chang vle rete ak repoze, epi malgre premye rezistans li, Lee finalman deside Chang gen rezon, sa vle di klèman ke yo tou de pral rete nan kay la.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.3.1_P	Istwa a sa rele "Ansyen Kay la." Ki lòt non kap bon nou ka bay istwa sa?	Fè referans ak kay la ki fè moun pè, kraze, vid, ki tankou gen zonbi ladann  OSWA  Fè referans ak yon Avanti, yon eksperyans ki fè moun pè oubyen nenpòt jeneralizasyon ki posib	Pou jenere yon altènativ, yon lòt tit posib pou istwa sa a mande pou idantifye lide prensipal la. Tit altènativ la ka konsantre sou jan kay la delabre, jan eksperyans lan fè moun pè, oswa sans avanti a. Sa "pasyèl," kòm altènativ trè senp pou tit la, tankou, "Kay ki fè moun pè a" oswa "avanti Chang ak Lee a," se repons akseptab. Gen plizyè endikasyon nan tèks la pou kalite repons sa yo.
R2.3.1_M	Ki lide prensipal ki nan deskripsyon kay la? A. Se yon kote ki cho pou repoze. B. Li fè anpil bri ki fè moun pè. C. Li deyò van an. D. Li bezwen kèk reparasyon.	B. Li fè anpil bri ki fè moun pè.	Lide prensipal la nan deskripsyon kay la se ke li fè anpil bri ki fè moun pè. Lide sa a enpòtan paske li repete plizyè fwa ak plis detay sou kote bri a soti oswa son bri a epi se sou li la nan atansyon ti gason yo te ye plis. Bezwen reparasyon yo se yon detay segondè ki pa detaye. Kay la cho epi soti nan van an se yon rezon pou yo rete, men pa gen okenn detay anplis yo bay ki sijere chalè oswa pwotèksyon kont van an.
R3.1.1_M	Ki objektif tèks sa? A. Rakonte yon istwa B. Fè piblisite pou yon pwodui C. Bay entriksyon D. Bay enfòmasyon	A. Rakonte yon istwa	Idantifikasyon tip tèks mande konesans ekstèn diferan karakteristik ak estil yo. Stil naratif la se youn nan tip tèks ke yo prezante pi bonè. Nan lang Anglè, yo itilize tèm ki pi senp, moun pi abitye nan istwa atik la. Tèks la gen karakteristik enpòtan nan istwa nou konnen, paske li pale de santiman ak entèraksyon ant de pèsonaj. Gen yon dewoulaman senp: Pèsonaj yo bezwen repoze, gen rezèv paske kay la fè moun pè, men finalman yo deside rete. Opsyon ki pa kòrèk yo se tip tèks ki gen ti kras sipò nan tèks la, sa vle di gen ti kras enfòmasyon kontradiktwa.
R3.1.1_E	"Se ka yon chov souri oswa yon zwazo oswa yon ..." Poukisa fraz la fini konsa ...?	Fè referans ak yon vwa ki vin twò fèb pou ou tande, manke enfòmasyon oswa fraz ki pa fini	Yon elips pa gen anpil chans pou li ta yon tèm ki pa nan tèks la ke yo konnen, mete atik sa a nan "depase". Men, gen yon siy sou siyifikasyon an, tankou vwa Chang koupe, sijere ke li pa ka tande ankò oswa ke li te pat kapab fini fraz la, sa ki fè li posib dedwi objektif la nan tèks sa a.
R3.1.2_M	"Pòt la krake epi li louvri." "Krake" se yon bon deskripsyon son pòt la fè a. Kopye de oswa twa mo nan tèks la ki dekri son byen.	Nenpòt de pami: jemi, file, degoute, fraka, grate, kriye	Nan nivo sa, yo te bay objektif chwazi mo pou mete aksan sou son yo ak yon egzanp pou asire yo travay la klè. Gen plizyè egzanp itilizasyon mo ki sanble nan tèks la, sa ki fè prèv la parèt aklè.
R3.1.2_E	"Annou rantre," Chang chichote." "chichote" di ou kijan yon moun te pale. Kopye de mo diferan nan tèks la ki di lòt fason ti gason yo te pale.	Fè referans ak de mo pami: avèk fòs, koupe, sifle, avèk kouraj	Nan nivo sa a, yo te bay objektif chwazi mo pou dekri kijan Chang pale ak yon egzanp pou asire travay la klè. Genyen sèlman twa lòt egzanp epi gen gwo espas separe yo, sa ki fè prèv la mwens parèt. "avèk fòs" ak "avèk kouraj" yo itilize pi souvan pou fè referans a konpòtman nan plas lapawòl. Menm jan an tou, "koupe" se yon fason mwens komen pou dekri lapawòl.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.1.3_M	Kiyès ou panse ki ap pi fasil li tèks sa? Bay yon rezon pou opinyon sa.	Fè referans ak timoun oswa nenpòt lòt piblik ak yon rezon akseptab, egzanp, timoun—se yon istwa senp; pwofesè—pou yo itilize li nan klas	Stil naratif se yon tip tèks fanmiye. Tèks la gen karakteristik enpòtan nan istwa senp nou konnen, paske li pale de santiman ak entèraksyon ant de pèsonaj. Gen yon dewoulaman senp: Pèsonaj yo bezwen repoze, gen rezèv paske kay la fè moun pè, men finalman yo deside rete. Sa bay endikasyon enpòtan ke piblik lan gen anpil chans timoun, oswa moun ki travay ak timoun, tankou yon pwofesè lekti nan klas la oswa yon paran kap li pou timoun, oswa yon moun ki ap aprann li poukont yo. Yo mande yon rezon senp pou pèmèt jistifikasyon apwopriye pou yon seri piblik posib ki depann de kontèks la.
R3.2.1_P	Chang sanble brav anpil nan istwa sa. Ki kalite ti gason ou panse Lee ye?	Bay yon opinyon akseptab sou Lee	Yo bay egzanp Chang ki te byen brav pou montre ke kalite repons ki nesèsè yo se sou atribi pèsonaj yo. Gen plizyè fason posib pou dekri Lee. Plizyè endikasyon sipòte fòmasyon opinyon ke Lee pridan ak nève pou rantr epi prezan anndan kay la. Li pè fasil. Li fatige anpil tou, men li vle ale ansanm ak Chang, kidonk sa a ta sipòte yon opinyon ke Lee se yon disip oswa vle eseye rete nan menm nivo ak Chang. Nenpòt opinyon posib akseptab epi li pa oblije kore ak prèv pou "pasyèlman".
R3.2.1_M	Eske ou panse ti gason yo ta dwe rete nan kay la? Itilize prèv ki nan tèks la pou kore opinyon ou.	Di Wi oubyen Non epi itilize prèv akseptab, egzanp, Wi, yo bezwen repoze; Non, se pa kay yo	Ti gason yo bezwenabri, kidonk yo antre nan yon kay ki parèt vid men ki yon ti jan fè moun pè tou. Yon jijman sou balans obligatwa sou merit oswa nivo dezi aksyon yo. Gen ase prèv nan tèks la pou kore yon seri opinyon ak pèspektiv. Defi a se fòme yon opinyon epi chwazi prèv ki enpòtan yo.
R3.2.1_E	Chang sanble brav anpil nan istwa sa. Ki kalite ti gason ou panse Lee ye? Itilize prèv ki nan tèks la pou kore opinyon ou.	Kore yon opinyon sou pèsonaj Lee ye a avèk prèv ki apwopriye	Yo bay egzanp Chang ki te byen brav pou montre ke kalite repons ki nesèsè yo se sou atribi pèsonaj yo. Gen plizyè fason posib pou dekri Lee. Plizyè endikasyon sipòte fòmasyon opinyon ke Lee pridan ak nève pou rantr epi prezan anndan kay la. Li pè fasil. Li fatige anpil tou, men li vle ale ansanm ak Chang, kidonk sa a ta sipòte yon opinyon ke Lee se yon disip oswa vle eseye rete nan menm nivo ak Chang. Nenpòt opinyon posib akseptab, men li dwe kore ak prèv ki enpòtan nan tèks la pou "depase". Nan ka sa a, yon opinyon jistifye sou Lee pap kontrè ak sa nou ap atann, men mande konsiderasyon ak anpil atansyon sou lide ki kache pou fè ak kore yon jeneralizasyon.
R3.3.1_M	Kilès nan sa yo ki se yon opinyon? A. Lee te fatige anpil. B. Pòt la pat menm lòk. C. Mwen pa renmen kote sa. D. Nou cho epi nou ka repoze.	C. Mwen pa renmen kote sa.	Distenksyon ant enfòmasyon reyèl ak opinyon ka difisil. Pou "Satisfè" nan nivo sa a, yo bay endikasyon enpòtan, paske opsyon ki kòrèk la eksprime aklè yon opinyon pèsonèl lè li sèvi avèk yon pwonon pèsonèl epi li eksprime avèk mo renmen. Lòt deklarasyon yo se deskripsyon reyalyite eta bagay yo.
R3.3.1_E	Okomansman, Chang di, "Pa gen moun ki viv la ankò." Lè li di sa, eske se yon fè oubyen yon opinyon, eske li konnen se yon fè oubyen se opinyon li? Bay yon rezon.	Chwazi opinyon epi idantifye pòt la ki pa fèmen ak kadna pa vle di aklè kay la pa gen moun viv ladann	Distenksyon ant enfòmasyon reyèl ak opinyon ka difisil. Pou "depase" nan nivo sa, yo bay mwens endikasyon enpòtan. Deklarasyon Chang nan nan kòmansman tèks la parèt tankou yon afimasyon reyalyite, men sèl prèv li genyen se ke pòt la pat lòk, ki pa sifizan. Nan etap sa a, deklarasyon sa se yon opinyon.

**Tablo 41: Klas 6e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon (pa-kontinyèl): Orè livrezon Seb la**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.2_P	Ki jou bato a pote machandiz pou Seb? A. Vandredi B. Samdi C. Dimanch D. Lendi	D. Lendi	Enfòmasyon sou jou yo fè livrezon machandiz yo enpòtan paske li nan tit kolòn yo nan premye ranje Tablo a. Se sèlman yon sèl jou ke yo ka matche. Lendi enpòtan tou, kòm li se premye tit kolòn nan.
R1.2.2_M	Ki jou bato a pote farin?	Fè referans ak Mèkredi	Farin dwe lokalize nan Tablo a epi idantifye tit kolòn nan. Farin pa twò parèt, kòm li preske nan mitan Tablo a. Gen enfòmasyon kontradiktwa pou lòt machandiz yo nan Tablo a ak pou twa lòt jou yo fè livrezon machandiz.
R1.2.2_M	Konbyen jou pa semen bato a pote machandiz? Antoure chif la  1 2 3 4 5 6 7	Antoure 4	Yo dwe konte tit kolòn yo pou chak jou nan semèn nan. Genyen sèlman kat jou, kidonk kapasite pou konte ki nesèsè yo minim.
R1.2.2_E	Bay non de bagay bato pote yon sèl fwa pa semen.	Fè referans ak de pami: vyann, lèt, batri, savon, kòd, te, kafe, pwa sèch, sik, farin	Enfòmasyon sa mande anpil analiz avèk atansyon pou asire ke machandiz yo chwazi yo pa repete yon lòt kote nan Tablo a. Li obligatwa pou limite lyezon yo kòm jou yo nan semèn nan byen make sou Tablo a.
R1.2.3_E	Bay non yon bagay ki vini chak Madi ak Jedi, men ki pa vin lòt jou yo?	Fè referans ak fwi oswa legim	Gen twa kritè ki dwe satisfè: machandiz yo dwe vini nan madi, nan jedi, epi nan okenn lòt jou. Li obligatwa pou Limite lyezon yo, kòm jou yo nan semèn nan byen make sou Tablo a.
R1.3.2_P	Ki kalite manje yo livre sèlman nan maten? A. Fwi B. Diri C. Pwason D. Sik	C: Pwason	Enfòmasyon an enpòtan, jan li repete nan premye ranje a. Kalite manje se yon lyezon sinonim ak egzanp pwason an. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon ki soti nan machandiz yo livre nan apremidi yo.
R1.3.2_M	Bay yon apremidi kote bato a pote manje sèlman.	Fè referans ak Madi oswa Mèkredi	Enfòmasyon an mande pou eskane machandiz yo livre chak jou pou elimine nenpòt jou kote machandiz ki pa manjab yo livre. Manje se yon lyezon sinoni, ak egzanp machandiz manjab nan Tablo a. De jou satisfè kritè sa. Nenpòt nan yon akseptab.
R1.3.2_E	Kilè bato a pote materyèl netwayaj? Bay jou ak lè.	Fè referans ak Lendi apremidi	Yon lyezon sinonim obligatwa ant "materyèl netwayaj" ak "savon." Ni ranje ni tit kolòn dwe matche pou idantifye jou a ak lè a.
R1.3.3_E	Kisa moun paka manje, epi yo livre de fwa pa semèn?	Fè referans ak balèn	Gen de kritè: "pa ka manje yo" ak "livre de fwa chak semèn." Yon lyezon sinonim obligatwa ant "pa ka manje yo" ak machandiz nan Tablo a ki matche ak deskripsyon sa a. Se sèlman balèn (bouji) kòm machandiz ki satisfè de kritè sa yo.
R2.2.2_P	Bay ki jou bato a pa fè okenn livrezon.	Fè referans ak Vandredi, Samdi, oswa Dimanch	Ou dwe idantifye enfòmasyon sou jou livrezon ki nan tit kolòn yo. Enplikasyon an se, nenpòt lòt jou pa gen livrezon.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.2_M	Kisa enfòmasyon nan tablo a sijere konsènan kantite pwason Seb vann? Bay yon rezon pou repons ou an.	Fè referans ak vann anpil pwason paske yo vini twa fwa / gen plis livrezon pase tout lòt bagay / kantite fre yo piti / moun yo vle pwason fre	Enfòmasyon sou livrezon pwason nan Tablo a bezwen konekte pou idantifye yo livre pwason twa jou sou kat, oswa pi souvan pase nenpòt lòt machandiz. Divès entèpretasyon oswa eksplikasyon akseptab, jan repons altènatif ki merite kredi yo di sa. Gen enfòmasyon limite nan konpetisyon nan frekans nan livrezon nan lòt machandiz ke yo dwe konsidere pa rapò ak pwason yo.
R3.1.1_M	Poukisa tablo a gen kolòn sèlman pou kèk jou nan semen nan?	Fè referans ak sa yo se sèl jou machandiz livre	Atik sa a mande pou reflechi sou estrikti Tablo a. Lide prensipal Tablo a ki montre sa bato yo pote pou Seb chak jou yo deklare aklè; sepandan, objektif pou yo pa mete kèk jou nan Tablo a kache: sa yo se jou yo pa gen livrezon. Karakteristik sa a nan Tablo a senp pou entèprete epi pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa, kòm pa gen okenn lòt rezon ki gen anpil chans pou ki eksplike poukisa yo pa mete jou sa yo.
R3.1.3_E	Seb ak kliyan li yo itilize tablo sa pou li konnen ki machandiz kap vini chak jou. Bay non yon lòt gwoup moun ki ka itilize tablo sa.	Fè referans ak youn pami: kapitèn bato, moun kap anbwaite machandiz, founisè machandiz	Fraz nan kòmansman tèks la di ke Seb se piblik la oswa itilize enfòmasyon ki nan Tablo a, epi li ta parèt ke kliyan Seb yo se lòt itilize ki ta itilize enfòmasyon Tablo a ("machandiz pou li vann"). Jenere yon lòt itilize adisyonèl posib mande bon sans. Kòm machandiz yo vini pa bato, li enplike ke moun yo bay machandiz yo, kap anbale machandiz yo, ak / oswa kapitèn bato a tou bezwen konnen ki machandiz yo mande chak jou. Se nivo ekstrapolasyon ki nesèsè pou konsidere kijan bezwen lòt itilize yo ta ka satisfè nan menm Tablo a, nan plas endikasyon oswa enfòmasyon kontradiktwa, ki mete atik sa nan kategori "depase konpetans minimal".
R3.2.1_M	Gade kalite machandiz ki livre nan maten yo konpare yo ak sa ki livre nan aprèmidi yo. kisa ou panse ki ka eksplike diferans lan?	Fè referans ak machandiz nan maten yo perisab: kidonk, yo bezwen glas / yo bezwen pi fre nan maten / Yo pa konsève byen	Yon opinyon sou poukisa kèk machandiz vini nan maten an bezwen kore ak konesans komen, lè li sèvi avèk enfòmasyon enpòtan nan Tablo a. Enfòmasyon sou livrezon glas nan maten sijere ke machandiz maten yo ka gate epi yo gen anpil chans mande glas. Livre machandiz sa yo nan maten ki pi fre oswa pètèt bezwen pou machandiz sa yo vann pi vit se eksplikasyon akseptab tou.




## TÈKS AK ELEMEN EGZANP KLAS 7E AF

Tablo 42: Klas 7e AF, Egzanp 1—Istwa: Twou a



Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.1_P	Kiyès ki te di, "Petèt se yon pyès lò?"	Samsur	Sitasyon an ka matche dirèkteman epi li enpòtan nan liy ouvèti tèks la. Yo nonmen Samsur kòm oratè nan fraz anvan an, kidonk enfòmasyon an adjasan epi gen enfòmasyon limite an konpetisyon, kòm Nazneen se lòt pèsonaj la epi yo masyone yon wa tou.
R1.2.1_M	Kisa Naznee te lage na twou a?	Fè referans ak wòch la	Mo "Nazneen lage" ka byen matche ak "Nazneen te lage." Enfòmasyon ki nesèsè yo, "wòch la," adjasan, men gen kèk retou obligatwa tou pou idantifye ke li ap jete wòch la nan twou a. Enfòmasyon an pa enpòtan, kòm li nan fen tèks la.
R1.3.1_M	Daprè Nazneen, ki son ki tap montre genyen yon bagay vivan nan twou a?	Fè referans ak "jape"	Lyezon sinonim yo mande yo se pou lye "son" nan kesyon an ak "tande" nan tèks la epi pou lye "yon bagay vivan" ak yon bèt. Gen enfòmasyon kontradiktwa, kòm yo masyone de lòt son.
R2.1.1_M	Nazneen was kontanple anndan twou a. kisa "kontanple" mean? A. Gade B. Grenpe C. Laji D. Fouye	A: gade	"Kontanple" gen anpil chans yon mo klas setyèm ane pa abitye avèk li. Tout opsyon yo posib, ki mande atansyon sou endikasyon kontèks ki montre Nazneen pap eseye laji oswa antre nan twou a.
R2.2.1_M	Kijan Samsur te santi li lè Nazneen te di li ka grenpe nan twou a? A. Eksite B. Kirye C. Pè D. Wont	C: Pè	Yo bay enfòmasyon ki nesèsè yo nan paragraf adjasan yo. Samsur vin pal, li ezite, epi apre li deklare li pa ka antre nan twou a, paske li gen yon pye fè mal. Nazneen te bay enplikasyon ke li pè nan kòmansman paragraf sa kote li montre akèlè desizyon Samsur a pa gen anyen pou wè ak yon pye fè mal.
R2.2.1_M	Daprè Nazneen, poukisa Samsur pat grenpe nan twou a?	Fè referans ak pè yon gwo bèt	Yo dwe jwenn yon lyen ant Samsur ki refize antre nan twou a ak Nazneen ki rejte rezon li an ak sa ta vle di Samsur pè pou ta gen yon gwo bèt nan twou a. Gen bonjan enfòmasyon kontradiktwa, tankou Samsur di li gen yon pye fè mal, men Nazneen rejte sa imedyatman.
R2.2.1_E	Kisa ki te anba nan twou an an reyalyite?	Fè referans ak dlo ak lòt likid	Yo dwe jwenn yon lyen nan paragraf yo pou konekte splach a nan fen istwa a tounen nan Nazneen ki deklare li pral lage wòch la nan twou a. Splach la vle di dlo. Gen enfòmasyon ki nan gwo konpetisyon tankou anpil lòt bagay yo sijere ki ka posib.
R2.2.3_M	Timoun te sijere plizyè bagay kit e ka anba nan twou a. Mete sijesyon yo nan lòd yo parèt nan istwa a. • Bèt • Pyès • Posyè • Nepe	Lòd la se: • Bèt (4) • Pyès (1) • Posyè (3) • Epe (2)	Lide timoun yo sijere pou sa ki anba nan twou a gaye nan de premye tyè tèks la, kidonk yo pa enpòtan.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.4_E	Nan istwa a, Nazneen souvan pa t dakò ak Samsur. Ki jan sa te fè Samsur santi li? Sèvi ak prèv ki soti nan tèks la pou bay yon rezon pou repons ou an.	Li refere a mank enkyetid Samsur oswa kontinyasyon antouzyas, oswa volonte li pou li suiv lide Nazneen lè yo defye li ale nan twou a.	Yo dekri Repons Samsur sou dezakò Nazneen te souvan genyen avèk li nan sa li di ak fè, men repons li yo pa deklare aklè. Samsur parèt yon ti jan yon moun repwochab. Li kontinye ak kè kontan ak lide lò nan twou a malgre ke yo te rele enbesil, epi li pa dekouraje ak afimasyon Nazneen yo ki di twou a plen pousyè tè. Li rale kò li deyè lè yo ba li defi antre nan twou a, men chanje byen pou swiv sijesyon Nazneen te bay pou jete yon wòch nan twou a. Nenpòt youn nan plizyè prèv sa yo ase pou dekri opinyon Samsur nan entèraksyon li ak Nazneen. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon, tankou konpòtman Samsur rete menm.
R2.2.5_M	Samsur te sijere ke yon wa te antere yon nepe an lò nan twou a. Ekri yon prèv ki montre Nazneen pat kwè li.	Fè referans ak youn nan bagay sa yo: Nazneen kwè Samsur wè bagay / kreye objè ki pa egziste; Nazneen sijere gen sèlman pousyè ak plis pousyè tè; Nazneen di se yon bèt sovaj ki fè twou a; oswa Nazneen te di pyès lò a se te yon lide enbesil	Gen prèv enpòtan (plizyè endikasyon diferan) ki montre Nazneen pa kwè lide Samsur di yon wa ta antere nepe an lò li nan twou a, men li pa di sa aklè. Nazneen di Samsur pou li pa aji tankou enbesil nan liy kòmansman tèks la epi li eksplike Samsur toujou wè bagay yo epi kreye objè soti ki pa la vre. Nazneen opoze sijesyon Samsur a ki ta di gen yon nepe ak lide se sèlman pousyè tè ki genyen epi se yon bèt sovaj ki te fè twou a. Nenpòt youn nan prèv sa yo ase.
R2.2.5_E	Lè Nazneen lage wòch la nan twou a, te gen yon pwojeksyon. Ki yon lòt prèv ki montre te gen dlo nan fon twou a?	Fè referans ak li tap briye	Lide anba twou a gen dlo pa parèt aklè, ak pwojeksyon an bay yon siy evidan. Lòt prèv dlo a se ke Samsur remake yon bagay klere nan kòmansman an. Sepandan, premye obsèvasyon sa ke se prèv dlo sèlman aparant apre ou fin li tout tèks la. Pandan ke "klere" mansyone nan kòmansman tèks la, kontèks yo sèlman bay pou sa, ta ka Samsur kap devine bagay annò. Lide ke "yon bagay klere" ta ka dlo a vin mwens enpòtan.
R2.2.6_M	Kisa ki pi bon deskripsyon Samsur ? A. Brav B. Gen anpil imajinasyon C. Sansib D. Otoritè	B: Gen anpil imajinasyon	Gen plizyè egzanp byen bonè de imajinasyon Samsur, pandan li ap devine vye bagay ki anba twou a. Nazneen di tou, ti frè li a toujou ap wè bagay epi kreye objè ki pa la vre. Imajinasyon Samsur a tap travay toujou lè li envante yon pye fè mal pou evite desann nan twou a. Enfòmasyon enpòtan sa (paske gen plizyè egzanp) bezwen sentetize pou jeneralize ke Samsur gen anpil imajinasyon. Gen prèv klè nan tèks la pou rejte opsyon ki pa kòrèk yo.
R3.2.1_M	Eske ou panse Nazneen janti ak Samsur? Wi Non Sèvi ak prèv ki soti nan tèks la pou bay yon rezon pou repons ou an.	Di Wi, epi fè referans ak Nazneen ki kontinye jwe ak Samsur, oubyen sèlman souri lè li klèman ap fè yon eskiz  OSWA  Di Non epi fè referans ak Nazneen kap di Samsur li enbesil oswa refize kwè li	Gen prèv enpòtan nan tèks la pou sipòte opinyon opoze sou si Nazneen te janti oswa li pat janti. Prèv la enpòtan, paske atansyon prensipal tèks la se entèraksyon ki genyen ant Nazneen ak Samsur ak fason ke li trete li antanke gran sè. Prèv ki enpòtan yo dwe idantifye nan tèks la pou kore opinyon yo chwazi a.

**Tablo 43: 7e AF, Egzanp 2—Enfòmasyon: Kijan Kokiy Monte Mòn**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.2_P	 <p>Kisa flèch yo montre konsènan zile yo?</p>	Fè referans ak zile kap rapwoche oswa direksyon mouvman chak zile	Flèch yo bezwen lye ak tit la, "Zile yo te vin pi pre" pou idantifye sa flèch yo montre a. Enfòmasyon sa a enpòtan, paske gen yon sèl lòt etikèt (kokiy) nan imaj lan. Ou ka jwenn enfòmasyon ki nesese yo tou nan fraz ki anlè imaj lan.
R1.2.2_M	 <p>Kisa kokiy nan imaj sa montre?</p> <p>A. Kijan moun deplase kokiy B. Kokiy yo jwenn sou plaj C. Kokiy anba lanmè a D. Kòman kokiy ka monte sou tèt mòn</p>	C: Kokiy anba lanmè a	Ou ka jwenn enfòmasyon an lè w rekonèt koulè ble nan imaj lan se lanmè a, kidonk imaj lan montre kokiy ki nan fon lanmè a. Sèl enfòmasyon ki posib nan tèks la se pou konfime koulè ble a se lanmè a.
R1.3.2_M	 <p>Kisa imaj sa montre?</p> <p>A. Dra plise. B. Zile yo finalman kontre ansanm. C. Tè anba lanmè a kwense nan mitan zile yo. D. Pi gwo mòn nan mond lan.</p>	C: Tè anba lanmè a kwense nan mitan zile yo.	Mo "plise" ki sot nan tit "Sòl lanmè a plise" ka dirèkteman matche ak tèks la. "Li plise" dwe lye ak fon lanmè a ki mansyone nan fraz anvan an nan yon fason pou yo lokalize eksplikasyon ki di pli fèt lè fon lanmè a ant zile yo vin kwense (lyezon sinonim se fè pli).
R2.1.1b_M	<p>"Li plise, tankou dra kabann, oswa chosèt ki tonbe"</p> <p>Ki aspè chosèt kap retonbe ki parèt nan tèks la?</p> <p>A. Ak kisa chosèt yo sanble B. Lè chosèt sot tonbe C. Ak kisa chosèt yo fèt D. Poukisa chosèt yo te sot tonbe</p>	A: Ak kisa chosèt yo sanble	Chosèt tonbe se yon imaj yo abitye, men pou konprann siyifikasyon an gen entansyon langaj figure sa a (yon konparezon) nan kontèks sa a, lektè a bezwen konnen ke aspè ki enpòtan nan chosèt yo se ak sa yo sanble. Gen plizyè endikasyon, kòm sa ranfòse ak egzanp lan nan dra kabann plise ansanm ak ilistrasyon yo nan ondilasyon nan fon lanmè a nan imaj yo.



Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.2_P	 <p>Sa se yon pati nan dezyèm imaj lan. Gade kokiy flèch la montre a. Ki kote kokiy sa gen plis chans ye lè zile yo kontre ansanm?</p>	1 pwen: fè referans “sou tèt,” “anlè,” oswa “sou dlo a”	Sa a se yon atik kredi pasyèl, ak posiblite pou fè 1 oswa 2 kòm nòt. Pou kredi pasyèl (yon nòt 1 pwen), yo ka entèprete imaj lan kòrèkteman an tèm jeneral, men san referans ak enfòmasyon espesifik ki enpòtan nan tèks la. Imaj lan gen kokiy ladann pral anlè, anlè dlo a, oswa anlè zile yo lè yo kontre ansanm.
R2.2.2_M	 <p>Sa se yon pati nan dezyèm imaj lan. Gade kokiy flèch la montre a. Ki kote kokiy sa gen plis chans ye lè zile yo rankontre ansanm?</p>	2 pwen: Fè referans ak yo nan tèt yon mòn (1 pwen si repons fè referans sèlman ak “sou tèt,” “anlè,” oswa “sou dlo a”)	Pou kredi konplè (yon nòt 2 pwen), imaj lan bezwen lye ak tèks la pou idantifye sa ki pral rive nan etap final la. Enplikasyon an se kokiy yo ki parèt sou tèt ti mòn yo nan imaj lan ap kontinye monte epi fini sou tèt gwo mòn yo pandan zile yo ap deplase ansanm-yo relye ak tit tèks la ak premye paragraf la, ak dènye paragraf tèks la. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon, kòm sèl lòt posiblite se ke kokiy yo pral glise desann, ki se pap fasil rive lè nou wè pozisyon li pi wo pase tout lòt kokiy yo.
R3.1.1_P	Poukisa tèks la gen graf ladann?	Fè referans ak ede eksplike / konprann lide yo	Objektif imaj an jeneral nan yon tèks enfòmasyon se ede eksplike lide yo. Objektif la enpòtan paske nan lyen sere ki genyen ant deskripsyon tèks yo ak imaj yo, men objektif la pa deklare aklè. Pa gen enfòmasyon kontradiktwa
R3.1.1_M	<p>Poukisa gen de imaj nan tèks la?</p> <p>A. Pou montre de fason pou desine menm bagay</p> <p>B. Pou montre sa ki pase pandan yon peryòd tan ki long</p> <p>C. Pou montre kokiy nan plizyè kote nan mond lan</p> <p>D. Pou montre plizyè lide sous a ki ka rive</p>	B: Pou montre sa ki pase pandan yon peryòd tan ki long	Objektif de imaj yo se montre yon sekans evènman parèt aklè nan tèks la. Gen plizyè endikasyon ak referans ki repete sou "nan tan lontan," ak "pandan yon bon bout tan, zile yo te rapwoche ansanm," men objektif la pa deklare aklè. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon, epi lòt rezon ki posib pou ta gen imaj yo tèks la pa kore yo.
R3.1.1_M	<p>Poukisa tèks la fè referans ak dra kabann ak chosèt ki tonbe atè?</p> <p>A. Pou raple lektè yo kote yo ap viv</p> <p>B. Pou amize lektè yo</p> <p>C. Pou di lektè yo sa ki pral rive nan tèks la</p> <p>D. Pou ede lektè to konprann lide a</p>	D: Pou ede lektè to konprann lide a	Objektif sèvi ak egzanp dra kabann ak chosèt ki tonbe atè se pou ede lektè yo konprann lide sòl lanmè ki fè pli ki kache a. Objektif la pa twò evidan, tankou egzanp yo sanble pa gen rapò ak sòl lanmè a ak kokiy pwason. Sepandan, gen endikasyon adisyonèl yo bay nan imaj yo, ki ilistre pli tou. Pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa.
R3.1.2_M	Ekri an sèvi ak objè nou konnen pou ede lektè yo konprann yon lide yo pa abitye avèk li. Ki youn nan objè sa yo?	Ekri “chosèt (tonbe atè)” oswa “dra kabann”	Gen de egzanp objè nou konnen ke yo itilize pou ilistre yon lide nou pa abitye avèl. Nenpòt nan yo akseptab. Pa gen lòt egzanp ki bay nan tèks la.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.1.3_M	Pou kiyès yo plis ekri tèks sa? A. Timoun nan preskolè B. Elèv lekòl C. Etidyan inivèsite D. Otorite nan gouvènman	B: Elèv lekòl	Yo pa deklare piblik la, men gen endikasyon enpòtan ke li fèt pou elèv lekòl yo. Ton paragraf ouvèti a sijere yon piblik ki gen yon konpreyansyon limite sou sijè a. Langaj senp la, imaj senp yo, ak longè tèks kout la sijere ke li pa fèt pou yon piblik granmoun serye, tankou etidyan inivèsite oswa ofisyèl gouvènman an. Nan lòt bò an, kontni ki pa familye ak stil dyagram nan imaj yo fè tèks la sanble yon chwa fasil pou timoun preskolè.
R3.1.3b_M	Pou ki moun ou panse tèks sa a pi fèt? Antoure youn. Elèv primè                      Elèv segondè Bay yon rezon pou chwa ou a itilize prèv ki soti nan tèks la.	Bay yon rezon posib ki baze sou karakteristik tèks la, egzanp, primè paske foto yo fasil pou konprann oswa tèks la kout epi senp,  OSWA  segondè paske lide yo difisil oswa gen kèk mo difisil	Prèv ki pi enpòtan nan tèks la ki ta di pou ki piblik li gen anpil chans ye se dyagram yo, ki yo ta ka di ki rezonab, senp ak ase klè pou elèv primè yo, oswa ki gen lide difisil / yo pa abitye oswa mo yo pa abitye, tankou pli, kidonk apwopriye pou elèv segondè. Elèv yo te anseye yo reflechi sou stil tèks yo kapab tou chwazi egzanp stil pou kore opinyon yo.

**Tablo 44: Klas 7e AF, Egzanp 3—Ekspresif: Chè Tonton ak Matant**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.1.1_M	Djeni ekri ke timoun yo “vin pi konfyant.” Kisa mo “konfyant” di sou timoun yo? A. Yo vin plis anvi aprann. B. Yo vin kapab konsantre yo. C. Yo vin kwè nan tèt yo. D. Yo vin itil fanmi yo.	C. Yo vin kwè nan tèt yo.	"Konfyant" se yon mo pifò elèv 7e AF gen anpil chans abitye avèk li. Kesyon an mande yon definisyon "konfyant" nan opsyon ki posib nan kontèks la, kidonk konesans anvan mo a nesèsè pou reponn kesyon an kòrèkteman. (Remake byen pandan ke "konfyant" nan lang Anglè gen anpil chans pou se yon mo elèv 7e AF konnen, sa a ka pa aplike nan lòt lang.)
R2.2.1_M	Ki youn nan rezon ki fè Djeni pa vle travay labank? A. Fòmasyon an twò long. B. Fòmasyon an pa itil. C. Li difisil pou travay labank byen. D. Li pi renmen anseye.	D. Li pi renmen anseye.	Enplikasyon ke Djeni te deside pa travay nan yon bank dwe trase nan endikasyon nan dezyèm ak twazyèm paragraf yo. Nan dezyèm paragraf la, Djeni rekonesan ak pozitif sou itilite kou li pral fin pran an. Nan twazyèm paragraf la, li esplike plezi li genyen nan anseye. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon, paske prèske tout tèks la se sou lide Djeni genyen pou vin yon pwofesè, nan plas li pa renmen travay labank.
R2.2.4_M	Ki opinyon Djeni sou desizyon li pran pou li vin anseyan an? A. Li bezwen pèmisyon Tonton ak Matant li. B. Li dwe jwenn yon djòb lekòl anvan. C. Li gen dwa pran desizyon sa. D. Li bezwen pèmisyon bank lan.	C. Li gen dwa pran desizyon sa.	Opinyon Djeni sou dwa li genyen pou l pran pwòp desizyon li pou li vin yon pwofesè enpòtan anpil nan tèks la (ki refere yo nan chak nan twa paragraf prensipal yo), men li pa di aklè ke se dwa li. Gen enfòmasyon limite an konpetisyon nan tèks la, men lektè yo ka pote lide sou ki moun ki ta dwe patisipe nan pran desizyon an.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.6_M	Ki atitud Djeni fas ak Tonton li ak Matant li? A. Li pral fè nenpòt sa yo di li ki pi bon. B. Li pa enterese ak sa yo panse. C. Li ta renmen yo dakò desizyon li an. D. Li te twouve li difisil lè yo te sipòte li.	C. Li ta renmen yo dakò desizyon li an.	Sentèz enfòmasyon nan tèks la montre ke Djeni toujou enterese ak sa matant li ak tonton li panse, menmsi li te pran yon desizyon definitif pou fè yon bagay ke yo ka pa apwouve. Nan dezyèm paragaf la, li rekonesan ak apresye efò yo epi li repete rekonesans li pou sipò yo nan fen am. Djeni pran anpil tan pou esplike rezon ki fè li te deside vin yon pwofesè nan espwa ke li ka konvenk matant li ak tonton li pou yo dakò ak desizyon li.
R2.3.1_M	Ki pi gwo bagay Djeni ta renmen reyalize lè li pwofesè? A. Gen yon djòb nan lekòl zòn nan. B. Montre pi gran timoun yo koman pou yo ede pi piti yo. C. Ede timoun yo mennen yon bon vi lè yo vin gran. D. Kite timoun yo pataje nouvo kapasite yo ak fanmi yo.	C. Ede timoun yo mennen yon bon vi lè yo vin gran.	Tout rezon yo refere nan tèks la. Travay la se diferansye lide prensipal la ki vle ede timoun yo mennen yon bon lavi ak detay segondè yo nan kèk nan etap ki enplike pou fè sa a, tout nan yo ki kontribye nan objektif jeneral Djeni a. Twazyèm paragaf la fini ak lide prensipal Djeni an, bay yon siy adisyonèl nan estrikti a sou sa Djeni panse ki pi enpòtan.
R3.3.1_M	Kilès nan sa yo ki se yon opinyon? A. Map lib pou mwen chache lòt travay lòt kote B. Mwen abite nan yon katye ki gen gwo apatman. C. Nan tan lib mwen mwen te konn anseye lekti ak matematik. D. Mwen sèten ke yo pral Mennen yon bon vi lè yo gran.	D. Mwen sèten ke yo pral Mennen yon bon vi lè yo gran.	Tout deklarasyon yo pèsonel epi yo pran yo nan tèks la. Twa nan yo se deklarasyon reyalyte. Opinyon an, "mwen sèten ..." se yon ekspresyon konfyans lespwa.

## TÈKS AK ELEMAN EGZANP KLAS 8E AF

**Tablo 45: Klas 8e AF, Egzanp 1—Enfòmasyon: Bwose Dan ou**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.1.1_M	Bente Hansen se yon ekspè nan bwose dan. Kisa "ekspè" vle di? A. Yon moun ki konn anpil bagay. B. Yon moun ki se yon doktè. C. Yon moun ki se yon pwofesè. D. Yon moun ki ede lòt moun.	A. Yon moun ki konn anpil bagay.	"Ekspè" se yon mo pifò elèv klas uityèm ane yo gen chans pou yo abitye ak li. Kesyon an mande yon definisyon "ekspè" nan opsyon ki posib nan kontèks la, kidonk li nesèsè pou gen konesans oparavan de mo a pou reponn kesyon an kòrèkteman. (Remake byen pandan ke "ekspè" nan lang Anglè gen anpil chans pou se yon mo elèv klas uityèm ane konnen, sa a ka pa aplike nan lòt lang.)
R1.2.1_P	Poukisa ou dwe bwose lang ou, dapre Bente Hansen?	Li refere swa ak bakteri yo OSWA retire movèz alèn OSWA toude. Repons yo ka parafrase oswa site dirèkteman nan tèks la.	Tèm "Bente Hansen" ak "lang," yo tou de itilize yon sèl fwa nan pasaj kout sa a, nan paragaf final la. Yo jwenn "Bente Hansen" nan yon pozisyon enpòtan nan kòmansman paragaf la. Enfòmasyon ki nesèsè yo, yon referans ak bakteri ak/oswa movèz alèn, nan fraz adjasan ak mo "lang." Pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa. Sa se te yon atik Nivo 1b nan PISA 2009. [pibliye nan Rapò OECD sou PISA 2009, volim I, paj 92–3]

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.1_M	Kisa chèchè Britanik yo rekomande? A. Ou bwose dan ou pi souvan posib. B. Ou pa eseye bwose lang ou C. Ou pa bwose dan ou twò di. D. Ou bwose dan ou pi souvan pase dan ou.	C. Ou pa bwose dan ou twò di.	Kesyon an bay yon direksyon klè nan pati nan tèks la kote yo pral jwenn enfòmasyon an, nan referans ak 'chèchè Britanik yo'. Tèm 'chèchè Britanik yo' tou pre enfòmasyon sib la (bwòse pandan de minit, <b>san bwose twò di</b> , bay pi bon rezilta.), men li pa adjasan, paske li separe ak yon fraz. Sa se yon atik rekipere paske mo yo itilize nan kesyon an dirèkteman lye oswa gen sinonim ki matche ak mo nan tèks la. Mo 'rekomande' a se sinonim 'bay pi bon rezilta'. Sa a se te yon atik Nivo 1a nan PISA 2009. (pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim I, paj 92)
R2.1.1_M	"Chèchè Britanik yo di non. Yo te eseye plizyè lòt altènativ ..." Ak kisa "altènativ" fè referans? A. Tip bwòs dan B. Fason pou bwose dan C. Tip pwoblèm dan genyen D. Chèchè ki soti nan lòt peyi	B. Fason pou bwose dan	Elèv klas uityèm ane yo ka pa konnen siyifikasyon "altènativ" men nan kontèks pasaj la an jeneral, bay opsyon yo, sèlman "fason pou bwose dan" se yon repons kòrèk posib. (Remake byen ke mo "altènativ" la ka gen endikasyon lengwistik ki fè atik sa plis oswa mwens difisil nan lòt lang pase Anglè.)
R2.2.1_P	Daprè pasaj la, kijan chèchè Britanik yo te jwenn fason pou bwose dan ki pi bon an? A. Yo te al pale ak Bente Hansen B. Yo te fè yon sondaj nan popilasyon C. Yo te analize rechèch literati yo D. Yo te eseye plizyè teknik bwose	D. Yo te eseye plizyè teknik bwose	Enfòmasyon ki nesèsè yo sitiye nan de fraz youn apre lòt nan kòmansman dezyèm paragaf la. Pa gen okenn enfòmasyon konkiran posib.
R2.2.4_E	Ak kilès nan deklarasyon say o chèchè Britanik yo <b>pap dakò</b> avèk li? A. Toutotan ou bwose dan ou plis, li pi bon. B. Ou dwe bwose dan ou sèlman pandan de minit. C. Se yon bon lide pou bwose lang ou menm jan ou bwose dan ou. D. Emay dan an domaje lè ou bwose twò di.	A. Toutotan ou bwose dan ou plis, li pi bon.	Pou reponn kesyon sa a kòrèkteman, li nesèsè pou w li omwen de paragaf (premye a ak dezyèm nan) pou idantifye kontras ki genyen ant rezilta chèchè Britanik yo (ki endike nan dezyèm paragaf la) ak opinyon yo souvan dekri nan premye paragaf la. Youn nan opsyon yo ("Li se yon bon lide pou bwose lang ou menm jan ou bwose dan ou") depann de lekti twazyèm paragaf la, ki se konsèy nan men Bente Hansen. Sa a pa kontredi rezilta chèchè Britanik yo. Gen yon bon kantite enfòmasyon kontradiktwa nan tèks la.
R2.2.5_P	Ki prèv yo bay pou montre li pa bon pou bwose twò di?	Fè referans ak domaje emay yo ak/ oswa jansiv yo.	Relasyon ki genyen ant bwose di ak domaj nan emay ak jansiv yo parèt ak lè nan tèks la, nan fraz youn apre lòt.
R2.3.1_P	De kisa atik la pale? A. Pi bon fason pou bwose dan. B. Pi bon bwòs dan pou itilize. C. Enpòtans bon dan. D. Fason plizyè moun bwose dan.	A. Pi bon fason pou bwose dan.	Travay la mande pou idantifye lide prensipal la nan yon tèks kout kontinyèl. Lide a endike nan tit tèks la, kidonk li enpòtan. Pa gen okenn egzijans pou fè distenksyon ant lide prensipal ak lide segondè nan tèks la (sa ki ta fè sa a yon atik ilistre R2.3.1_M), paske bagay ki pou distrè yo pa lide yo jwenn nan tèks la, byenke yo gen rapò ak lide nan tèks la. Sa a se te yon atik Nivo 1a nan PISA 2009. [pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim I, paj 91]

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.1.1_M	<p>Poukisa yo masyone yon plim nan tèks la?</p> <p>A. Pou ede ou konprann kòman pou kenbe yon bwòs dan.</p> <p>B. Paske ou kòmanse nan yon kwen ak ni plim nan ni bwòs dan an.</p> <p>C. Pou montre ou ka bwose dan plizyè fason diferan.</p> <p>D. Paske ou dwe pran bwose dan oserye menm jan ak ekri.</p>	<p>A. Pou ede ou konprann kòman pou kenbe yon bwòs dan.</p>	<p>Kesyon sa mande idantifikasyon objektif yon karakteristik nan tèks la: yon analoji ant yon bwòs dan ak yon plim. Travay la, premyeman, se jwenn referans ak yon plim, epi ansuit reflechi sou objektif analoji a—sa vle di, ede lektè a “konprann”. Malgre pa gen plizyè endikasyon, gen enfòmasyon kontradiktwa trè limite. Sa a se te yon atik Nivo 1a nan PISA 2009. [pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim I, paj 93]</p>
R3.4.1_E	<p>"Èske dan nou vin pi pwòp toutotan nou bwose yo plis tan epi pi di?"</p> <p>Èske ou panse sa se yon bon fason pou kòmanse tèks la? Antoure Wi oswa Non epi eksplike repons ou an.</p> <p>Wi Non</p>	<p>Reponn Wi epi fè referans ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Lefèt ke li se yon kesyon, ki fè lektè a enterese jwenn repons lan</li> <li>Lefèt ke sa se yon lide komen, kidonk lektè a vle konnen si li vre</li> <li>“Nou” nan fraz la, ki fè lektè a patisipe pèsonèlman</li> </ul> <p>OSWA</p> <p>Reponn Non epi fè referans ak:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Premye fraz la se yon pyèy paske repons lan se "non"</li> <li>Premye fraz la gen konfizyon paske li pa bon</li> </ul>	<p>Kòmanse yon tèks enfòmasyon ak yon kesyon se yon fason ki komen anpil pou angaje enterè lektè a, men li pa twò konvansyonèl. Kesyon sa se sa adapte ak endikatè depase plis pase satisfè. Gen yon varyete fason pou bay yon repons akseptab, nan nivo konpreyansyon laj oswa ak referans yon detay nan fraz la.</p>

**Tablo 46: Klas 8e AF, Egzanp 2—Enfòmasyon (Tèks ki pa kontinyèl – Tablo) : Dosye Enfòmasyon sou Peyi**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.2_M	Ki peyi ki ekspòte diri?	Nepal	"Ekspòtasyon" ka matche dirèkteman ak tit katriyèm ranje a "Ekspòtasyon tipik." "Diri" mansyone nan dezyèm kolòn nan, ke tit kolòn nan idantifye kòm "Vyetnam." Kote enfòmasyon an ye a pa enpòtan (katriyèm ranje, dezyèm kolòn). Gen enfòmasyon kontradiktwa, tankou diri se yon rekòt prensipal tit pou twa peyi yo.
R1.2.3_M	Bay non yon peyi ki kiltive epi ekspòte de nan kilti li yo.	Afganistan oubyen Vyetnam	Yo dwe idantifye yon peyi ki satisfè kritè pou kiltive ak ekspòte de nan kilti li yo. De peyi satisfè kritè sa yo. Nenpòt nan yo akseptab.
R1.3.2_M	Ki peyi ki gen yon zwazo etranj? A. Afganistan B. Vyetnam C. Filipin D. Nepal	C. Filipin	Yon lyezon sinonim dwe fèt ant "zwazo" ak malfini Filipin nan. Enfòmasyon an pa enpòtan, paske li nan dènye ranje a. Enfòmasyon kontradiktwa an se ke gen lòt bèt etranj, men youn nan yo pa zwazo.
R2.2.2_M	Vyetnam pwodui pwason. Ki lòt peyi ki gen anpil chans konte sou lanmè a kòm yon sous manje? Kopye yon moso enfòmasyon nan tèks la ki montre sa.	Fè referans ak Filipin epi li ekri youn nan: "zile," "anpil zile," "7,107 zile"	Pwason nan lis youn nan kilti prensipal Vyetnam, men pa gen okenn lòt referans ak pwason nan ranje sa a. De nan peyi yo, Afganistan ak Nepal, tou de anklave, kidonk sa enplike ke Filipin yo, ak milye zile li yo, ta dwe lòt peyi gen anpil chans konte sou pwason kòm yon sous manje. Pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa; defi a se dedwi lyen ki genyen ant tit ranje "Jeyografi" ak "Rekòt prensipal yo."
R2.2.6_M	Kisa tout kalite bèt sovaj nan Tablo genyen an komen? A. Yo gwo. B. Yo gen kòn. C. Yo etranj. D. Yo andanje.	C. Yo etranj.	Lide prensipal ki parèt nan egzanp bèt sovaj yo se ke yo se bèt dwòl: kòn ki pi long, mamifè ki pi ra, pi gwo malfini, ak katriyèm pi gwo mamifè. Lide segondè yo se detay sou fason chak bèt etranj ki pa ka jeneralize nan gwoup la.
R3.1.2_M	Gen kèk sipò yo te bay pou ede lektè a konprann mo li pa abitye ak yo. Bay yon egzanp yon mo ak sipò yo bay la.	Fè referans ak definisyon ekspòtasyon ak saola, egzanp, saola (yon kalite antilòp)	Travay la se jwenn yon mo kote ki gen prèv sipò yo bay lektè a pou ede li konprann mo a. Yo bay de definisyon nan parantèz pou eksplike siyifikasyon "ekspòtasyon" ak "saola". Nenpòt mo ak definisyon an akseptab.
R3.1.3b_M	Pou ki moun ou panse yo te ekri tèks sa ? Antoure youn. Elèv primè                      Elèv segondè Bay yon rezon pou chwa ou a itilize prèv ki soti nan tèks la.	Bay yon rezon posib, egzanp, Primè paske tèks la kout epi senp OSWA segondè paske gen anpil mo difisil OSWA antoure tou de ak yon eksplikasyon akseptab.	Travay la se chwazi epi jistifye si piblik sib la gen anpil chans pou elèv primè oswa segondè. Tou depan de kontèks la ak kapasite lekti elèv yo, vokabilè ki nan tèks la ka konsidere kòm konplèks ak laj, e se poutèt sa li adapte pou segondè, oswa vokabilè a ka konsidere kòm senp epi kontrni an relativman kout, epi kidonk apwopriye pou primè. Nenpòt nan jistifikasyon yo apwopriye. Yon rezon ki montre ke tèks la se akseptab youn nnan piblik yo bon.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.2.1_M	<p>Maria di ekspòtasyon tipik yo montre ke Vyetnam se peyi ki gen plis siksè. Èske w dakò oswa pa dakò ak Maria? Antoure youn.</p> <p>Dakò Pa dakò</p> <p>Sèvi ak prèv nan tèks la pou bay yon rezon pou chwa w la.</p>	<p>Chwazi youn nan opsyon yo epi bay yon rezon akseptab:</p> <p>Dakò epi fè referans ak Vyetnam vann yon pi gwo divèsite machandiz / plis machandiz, oswa pa dakò epi fè referans ak Filipin ki vann ekipman elektwonik / ekipman transpò (enplike konpetans / valè); Nepal fè tapi / machandiz an kwi ki mande konpetans; Afganistan vann safran, ki chè anpil</p>	<p>Travay la se fòme yon opinyon pou di si ou dakò oswa pa dakò ak entèpretasyon Maria nan ekspòtasyon tipik yo epi jwenn prèv pou kore sa. Vyetnam vann yon gwo divèsite machandiz, ki se yon endikasyon posib nan siksè li.</p> <p>Filipin se sèl peyi ki ekspòte machandiz elektwonik, ki ta ka konsidere kòm yon endikasyon siksè, paske li enplike konpetans fabrikasyon oswa valè pwodwi a. Nou ta ka diskite tou ke siksè parèt pou Nepal, paske tapi ak machandiz an kwi mande fabrikasyon konplèks, oswa Afganistan ka konsidere kòm siksè paske safran se yon rekòt chè.</p>
R3.3.1_M	<p>Kilès nan deklarasyon sa yo ki se yon opinyon ak kilès ki se yon reyalyite sou enfòmasyon ki nan "Dosye Reyalyite Peyi a"? Ekri "reyalyite" oswa "opinyon" kote chak deklarasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Filipin gen pi bon tan pou yon jou konje.</li> <li>De nan peyi yo anklave.</li> <li>Vyetnam gen pi gwo kantite ekspòtasyon diferan.</li> <li>Tout peyi yo gen bèt sovaj enteresan.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Filipin gen pi bon tan pou yon jou konje. (opinyon)</li> <li>De nan peyi yo anklave. (reyalyite)</li> <li>Vyetnam gen pi gwo kantite ekspòtasyon diferan. (reyalyite)</li> <li>Tout peyi yo gen bèt sovaj enteresan. (opinyon)</li> </ul>	<p>Kesyon an prezante kat deklarasyon sou tèks la epi li mande pou fè yon jijman endepandan sou chak nan deklarasyon yo pou konnen si yo se reyalyite oswa opinyon. Kesyon sa a ta dwe relativman senp pou moun ki gen yon konpreyansyon sou konsèp "reyalyite" ak "opinyon", menm si mo "reyalyite" nan tit Tablo a ka ajè kòm enfòmasyon kontradiktwa.</p>
R3.4.1_M	<p>Enfòmasyon sou chak peyi te kapab ekri nan fraz yo ak nan paragraf separe. Ki avantaj prensipal ki genyen nan prezante enfòmasyon yo nan yon Tablo?</p>	<p>Fè referans ak yon avantaj sibstansyèl nan yon afich sou fòm tablo, egzanp, fè li pi fasil pou konpare OSWA pi fasil pou jwenn enfòmasyon OSWA pi kout ak pi fasil pou li</p>	<p>Travay la se yon evalyasyon ki mande pou rekonèt benefis ki gen anpil chans pou lektè a prezante enfòmasyon an nan yon Tablo. Sa ta dwe yon afichaj konvansyonèl pou klas uityèm ane. Yon avantaj prensipal posib se ke Tablo a fasilite konparezon oswa fè li pi fasil jwenn oswa li Enfòmasyon yo. Remake byen, nan kèk kontèks, Tablo yo ka yon fòma tèks yo pa abitye, ki ta fè atik sa a pi difisil.</p>

**Tablo 47: Klas 8e AF, Egzanp 3—Iswa: Lapen Parese**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.3.1_P	<p>Konbyen tan konpetisyon rale kòd la ant Gwo Elefan ak Gwo Balèn te dire?</p> <p>A. Pandan yon maten B. Depi solèy leve rive solèy kouche C. Pandan yon jou ak yon nwit D. Pou plizyè semèn</p>	<p>C. Pandan yon jou ak yon nwit</p>	<p>"Tout lajounen ak tout nwit lan" se yon lyezon sinonim pwòch ak "pou yon jou ak yon nwit." Se sèlman yon lòt peryòd tan mansyone nan tèks la ("nan maten an"); konsa, gen enfòmasyon limite an konpetisyon.</p>
R1.3.1_M	<p>Kijan Gwo Elefan ak Gwo Balèn te santi yo nan fen istwa a?</p> <p>A. Fyè B. Fache C. Ankourajan D. Wont</p>	<p>D. Wont</p>	<p>Yo itilize anpil mo diferan nan tèks la pou dekri emosyon pèsonaj yo. Mo "fache" parèt pi bonè nan tèks la, ak mo "ankourajan" ak "fyète", menm jan ak "anbarase" (yon sinonim pou "wont"), yo itilize tou pre fen istwa a, ki bay enfòmasyon kontradiktwa.</p>

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.1_E	<p>Kilès nan sa yo nou ta ka pran kòm yon leson nan istwa a?</p> <p>A. Ou ta dwe toujou di laverite.  B. Li pi bon pou ou entelijan pase ou gen fòs.  C. Lè ou parese sa ap mete ou nan pwoblèm.  D. Pa eseye fè yon konkou ak yon moun ki pi gwo pase ou.</p>	B. Li pi bon pou ou entelijan pase ou gen fòs.	Kesyon sa mande pou konbine enfòmasyon ki cache nan tèks la. Nou ka sèlman entèprete "Leson an" nan lekti ak konpreyansyon tout istwa a, fen a ladann tou, lè lapen parese nan konklizyon an ranpòte la viktwa nan batay ki genyen ant entelijans li ak fòs gwo bèt yo.
R2.2.3_M	<p>Mete nimewo 1 rive 5 bò kote chak evènman pou montre lòd yo te pase.  Nou fè premye a pou ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Lè yo fini laboure teren lapen an.</li> <li>Gwo balèn te santi li nwi ak Lapen Parese</li> <li>Gwo Elefan te desann nan anbarasman</li> <li>Lapen Parese te reflechi yon plan. (1)</li> <li>Gwo Elefan ak Gwo balèn nan kòmanse rale kòd yo.</li> </ul>	<p>Lè yo fini laboure teren lapen an. (4)  Gwo balèn te santi li nwi ak Lapen Parese (2)  Gwo Elefan te desann nan anbarasman (5)  Lapen Parese te reflechi yon plan. (1)  Gwo Elefan ak Gwo balèn nan kòmanse rale kòd yo. (3)</p>	Istwa a byen long epi evènman yo repete ak kèk varyasyon, kidonk pou mete sekans evènman ki endike yo nan lòd nan kesyon an mande pou fè fas ak anpil enfòmasyon kontradiktwa. Yo pa di labouraj la te fini nan istwa a, menm si li evidan nan fraz final la. An konsekans, sekans evènman yo pa prezante nan lòd kwonolojik, mete sa nan kategori "depase".
R2.3.1_M	<p>Kiyès nan ide sa yo ki pi enpòtan nan istwa a?</p> <p>A. Gwo Elefan te santi li nwi ak Lapen Parese  B. Lapen parese te pi entelijan pase gwo bèt yo.  C. Gwo Balèn te panse li te pi fò pase Lapen Parese.  D. Gwo bèt yo te wont nan fen istwa a.</p>	B. Lapen parese te pi entelijan pase gwo bèt yo.	Tout altènativ yo se deklarasyon verite sou istwa a, men opsyon ki pa kòrèk yo se lide segondè yo; sèlman altènativ B a kaptire lide prensipal la nan jan li rezime tout istwa a.
R3.1.1_M	<p>Ki objektif tèks sa?</p> <p>A. Pou amize  B. Pou bay yon opinyon  C. Pou bay enfòmasyon  D. Pou di kòman pou ou fè yon bagay</p>	A. Pou amize	Pyès la nan yon fòma istwa konvansyonèl. Objektif istwa a se pou amize. Lang lan senp epi evènman yo amizan. Sepandan, objektif la pa deklare aklè.
R3.1.3_M	<p>Kilès nan piblik sa yo ki ta plis parèt piblik sib "Lapen Parese"?</p> <p>A. Syantifik  B. Fèmye  C. Timoun  D. Bèt</p>	C. Timoun	Stil istwa a sijere ke li pou yon piblik timoun men sa pa deklare.




Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.1.3b_P	<p>Yon elèv 8e AF te di, "Se sèlman timoun piti ki ta renmen istwa sa a."</p> <p>Èske ou dako?</p> <p>Wi Non</p> <p>Antoure repons ou a epi bay yon rezon ki sèvi avèk prèv ki nan tèks la.</p>	<p>Reponn Wi epi fè referans ak: Se sèlman timoun piti ki kwè ke bèt ka pale Stil Fab tradisyonèl istwa a Timoun renmen lapen</p> <p>OSWA</p> <p>Reponn Non epi fè referans ak: Senaryo a long ak/oswa konplike Timoun piti yo pa konprann sa k te pase Yon bagay pou tout moun (egzanp, bèt pou piblik pi piti a, senaryo konplike a pou piblik ki pi gran an)</p>	<p>Kesyon sa ta ka reponn nan plizyè nivo konplike, men yon nivo debaz, tankou enterese ak bèt, ki se enfòmasyon enpòtan nan istwa a, akseptab. Se poutèt sa, atik sa a tonbe nan kategori 'P'.</p>
R3.2.1_M	<p>Ou panse lapen an te gen rezon pou li fyè nan fen istwa a?</p> <p>Antoure Wi oswa Non epi eksplike repons ou.</p> <p>Wi Non</p>	<p>Reponn Wi epi fè referans ak: Fè travay madanm li te bezwen an Lapen Parese ki reyisi twonpe gwo bèt yo nan fè travay li</p> <p>OSWA</p> <p>Reponn Non epi fè referans ak: Imoralite bay manti / twonpe elefan an ak / oswa balèn nan Lapen Parese petèt pa di madanm li ki jan li twonpe gwo bèt yo</p>	<p>Kesyon an mande yon konpreyansyon laj de istwa a pou bay yon opinyon. Tou de repons yo "Wi" ak "Non" akseptab, toutotan prèv apwopriye nan istwa a montre sa.</p>

## TÈKS AK ELEMEN EGZANP KLAS 9E AF

**Tablo 48: Klas 9e AF, Egzanp—Enfòmasyon (Tèks ki pa kontinyèl—Dyagram ki make): Balon**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.2.1_M	Konbyen mètr pi wo nivo lanmè rekò wotè Singhanian a te ye?	21 000 mètr pi wo nivo lanmè / 21 000 m / 21 000 / venteyen mil	Sa se yon tèks melanje, ak pati kontinyèl ak pati ki pa kontinyèl. Yo bay enfòmasyon ki nesèsè yo nan yon pati kontinyèl tèks la. Tèm "rekò wotè" (lyezon dirèk) nan tit la, ak kantite mètr yo bay nan fen paragraf kout ki anba tit la. Gen enfòmasyon konpetisyon, tankou lòt wotè yo montre nan tèks la. "Konbyen mètr" ekivalan a yon kesyon "kisa".
R1.2.2_M	Ak ki twal balon Singhanian a te fèt?	Nayilòn	Sa se yon tèks melanje, ak pati kontinyèl ak pati ki pa kontinyèl. Enfòmasyon ki nesèsè yo nan yon pati ki pa kontinyèl nan tèks la (yon etikèt). Enfòmasyon ki nesèsè yo pa byen parèt, paske li se youn nan anpil etikèt ki gaye sou imaj la. Kesyon an sèvi ak mo "twal," ki se yon lyezon dirèk ak mo nan tèks la. Yo bay enfòmasyon kontradiktwa ak lòt karakteristik nan balon ki nan lis la.
R2.1.1_M	Ki sa yon "gondola" ye nan tèks sa? A. Yon bato san motè yo jwenn sou kanal ak lòt vwa navigab yo. B. Yon kalite kostim lespas pilòt yo mete nan atmosfè tè a. C. Yon lòj ki fèmen pou pilòt la anba yon balon. D. Yon ti balon tache nan yon balon prensipal, ke yo itilize kòm yon mezi tan/ tanperati.	Yon lòj ki fèmen pou pilòt la anba yon balon.	Siyifikasyon mo a ka soti nan endikasyon nan dyagram nan: mo "gondola" gen yon liy nan ilistrasyon an epi gen plis deskripsyon nan karakteristik li yo anba mo a. (An Anglè, anpil jèn moun ta konnen ke yon "gondola" se yon bato ki soti Venis, men yon gondola ki fè pati yon mongolfyè gen anpil chans pou yo pa abitye ak li.)
R2.2.2_M	Poukisa Singhanian te mete yon kostim lespas pandan vwayaj la?	Reponn, fè referans ak nenpòt (oswa plis) pami sa yo: tanperati, wotè, oswa mank oksijèn: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li te fè frèt anpil / li te pi red ke fè glas / li te -95 degre</li> <li>• Li te monte pi wo pase yon avyon / li te monte jis rive 21 000 mètr / li te monte byen wo</li> <li>• Pa t gen ase oksijèn (pou respire) / Se sèlman 4 pousan oksijèn / lè a te twò fen</li> </ul> Bay yon jeneralizasyon sou kondisyon ki sanble ak kondisyon nan lespas: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Se tankou yo te nan lespas</li> </ul>	Travay la mande pou konbine enfòmasyon ki soti nan fraz nan kesyon an (ki site dirèkteman nan tèks la sou bò gòch la) ak kèk eleman enfòmasyon nan etikèt sou lòt bò a nan imaj la. Travay la refere a yon koneksyon kozatif ("Poukisa ...?") ant pati nan enfòmasyon an.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.3_M	<p>Ekri nimewo 1, 2, 3, ak 4 sou kote evenman yo pou montre nan ki lòd yo te pase.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Balon kite Mumbai</li> <li>Yo te louvri fant nan balon an pou kite lè cho soti</li> <li>Balon an soti nan direksyon lanmè a</li> <li>Balon an tounen sou tè</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Balon kite Mumbai (1)</li> <li>Yo te louvri fant nan balon an pou kite lè cho soti (4)</li> <li>Balon an soti nan direksyon lanmè a (2)</li> <li>Balon an tounen sou tè (3)</li> </ul>	Enfòmasyon yo gaye nan tèks la, ki pa prezante enfòmasyon nan yon lòd kwonolojik.
R3.1.1_M	<p>Poukisa yo montre de balon nan imaj la?</p>  <p>A. Pou konpare gwosè balon Singhanian a anvan ak aprè yo fin ba li van.</p> <p>B. Pou konpare gwosè balon Singhanian ak gwosè lòt mongolfyè yo.</p> <p>C. Pou montre balon Singhanian a parèt piti lè ou sou tè a ap gade li.</p> <p>D. Pou montre balon Singhanian a prèske fè kolizyon ak yon lòt balon.</p>	B. To compare the size of Singhanian's balloon with that of other hot air balloons.	Travay la mande pou idantifye objektif ki fè yo enkli yon dispozitif nan yon tèks (de desen balon yo). Objektif la pa deklare epi lektè a bezwen fè konklizyon an. Sa se te yon atik Klas 2e AF nan PISA 2009. [pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim I, paj 101]
R3.1.1_M	<p>Ki objektif jeneral tèks la?</p> <p>A. Bay enfòmasyon.</p> <p>B. Rakonte yon istwa.</p> <p>C. Bay enstriksyon.</p> <p>D. Bay yon opinyon.</p>	A. Bay enfòmasyon.	Sa mande yon konpreyansyon jeneral sou tip tèks, sèvi avèk konesans ki deja egziste sou objektif diferan tèks, aplike yo nan yon tèks patikilye.
R3.4.1_M	<p>Èske w panse imaj kat la ki anba tèks la itil? Eksplike repons ou a.</p>	<p>Reponn Wi epi fè referans ak ede yo lokalize evènman an (anjeneral) / montre kote vòl la kòmanse (akseptè, menm si pa egzat a san pou san) / bay plis enfòmasyon sou evènman an (vag men akseptab)</p> <p>OSWA</p> <p>Reponn epi fè referans ak jan imaj lan ki te chaje, manke etikèt, manke referans ak imaj prensipal la (pi wo a)</p>	Travay la mande pou evalye yon dispozitif nan tèks la. Kat jeyografik la ak ti kat kare a se yon zouti konvansyonèl nan tip tèks enfòmasyon sa a. Yo ka bay rezon ki akseptab swa pou yon evalyasyon pozitif oswa negatif.

**Tablo 49: Klas 9e AF, Egzanp 2—Istwa: Kripya**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.1.1_E	<p>Kiyès nan definisyon sa yo ki pi byen eksplike siyifikasyon mo "kripya" a?</p> <p>A. Yon moun pwochen li fè li fache fasil.</p> <p>B. Yon moun ki renmen ekonomize richès olye li depanse li.</p> <p>C. Yon moun ki souvan mete richès li yon kote ki pa nòmal.</p> <p>D. Yon moun ki pa konnen kenbe sekre</p>	<p>B. Yon moun ki renmen ekonomize richès olye li depanse li.</p>	<p>"Kripya" gen anpil chans pou mo sa pa twò komen pou elèv klas nevyèm ane. Definisyon mo kripya a se "yon moun ki rasanble richès epi ki depanse yon ti kras kòb." Definisyon kout yo bay nan twa distraktè yo chak pran yon detay nan fab la, kidonk li nesèsè pou yo te gen yon konesans oparavan de mo a pou reponn kesyon an kòrèkteman.</p> <p>(Remake byen ke "kripya" nan lang anglè gen anpil chans pou se yon mo enkonni pou elèv klas nevyèm ane. Sa a ka pa aplike nan lòt lang.)</p>
R1.2.1_P	<p>Ki jan kripya a jwenn yon ti mas lò?</p>	<p>Di ke li te vann tout sa li te genyen. Ou Ka parafraze oswa pran li dirèkteman nan tèks la.</p> <p>Egzanp repons konplè kredi:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li vann tout sa li te genyen.</li> <li>• Li vann tout bagay li yo.</li> <li>• Li te achte li. (koneksyon kache ki di li vann tout sa li te genyen)</li> </ul>	<p>Enfòmasyon an trè enpòtan, jan yo bay li nan premye fraz tèks la. Tèm "yon mas lò" se yon lyezon dirèk ant kesyon an ak tèks la. Sa se te yon atik Nivo 1b nan PISA 2009. (pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim 1, p.105)</p>
R2.1.1_M	<p>Kisa mo "lamantasyon" vle di?</p>	<p>Bay yon siyifikasyon tankou son doulè, kriye, jemisman</p>	<p>Gen anpil chans pou yo pa abitye ak mo sa nan nivo klas sa men gen plizyè endikasyon sou siyifikasyon li: mo "byen fò" sijere ke li se yon son, ak "rale cheve li" ak vwazen an "wè li chaje ak lapenn." (Remake byen ke "lamantasyon" an Anglè gen anpil chans pou se yon mo enkonni pou elèv klas nevyèm ane. Sa ka pa aplike nan lòt lang.)</p>
R2.1.1b_M	<p>Kripya a "te kòmanse rale cheve li". Poukisa yon moun rale cheve li?</p> <p>A. Paske tèt yo ap fè yo mal oswa ap grate yo.</p> <p>B. Paske yo fristre e yo fache.</p> <p>C. Paske yo ap eseye fè cheve yo vin pi kout.</p> <p>D. Paske yo vle distrè yon lòt moun.</p>	<p>B. Paske yo fristre e yo fache.</p>	<p>Mo ki nan ekspresyon idyomatik sa a komen, men elèv ki nan nivo sa ka pa abitye ak ekspresyon an poutèt pal. Sepandan, gen plizyè endikasyon kontèks sou fason kripya a santi li nan pwèn sa a nan fab la, ki fè mo yo "fache ak fristre" nan kle a se sèl altènatif posib.</p>
R2.2.1_P	<p>Poukisa travayè a te gade mouvman kripya a?</p> <p>A. Paske li te enkyete pou sekirite kripya a.</p> <p>B. Paske li t ap sekirize kote travay la t ap fèt la.</p> <p>C. Paske li te tande pale de lò kripya a.</p> <p>D. Paske li te vle konnen sekre kripya a.</p>	<p>D. Paske li te vle konnen sekre kripya a.</p>	<p>Travay la mande pou relye de enfòmasyon nan fraz youn apre lòt, ki soti nan: "Youn nan travayè yo ..." rive nan "... epi te vòlè li." Relasyon ki genyen ant de fraz yo pa di li aklè men li se li lakoz la aklè. Pa gen okenn enfòmasyon kontradiktwa posib sou enplikasyon ke ouvriye a ap gade kripya a paske li vle konnen rezon ki fè kripya a bay yon vizit chak jou ("sekre kripya a").</p>

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.3_P	<p>Li fraz ki anba yo epi nimewote yo daprè sekans evènman yo nan tèks la.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Kripya a deside chanje tout kòb li an yon mas lò.</li> <li>• Yon nonm vòlè lò kripya a.</li> <li>• Kripya a te fouye yon twou epi li sere trezò li a ladann.</li> <li>• Vwazen kripya a te di li pou li ranplase lò a ak yon wòch.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kripya a deside chanje tout kòb li an yon mas lò. (1)</li> <li>• Yon nonm vòlè lò kripya a. (3)</li> <li>• Kripya a te fouye yon twou epi li sere trezò li a ladann. (2)</li> <li>• Vwazen kripya a te di li pou li ranplase lò a ak yon wòch. (4)</li> </ul>	<p>Enfòmasyon yo bay yo nan lòd kwonolojik nan tèks la. Detay nan tèks la ki pa enpòtan pou kesyon an bay enfòmasyon kontradiktwa. Sa se te yon atik Nivo 1a nan PISA 2009. (pibliye nan rapò OECD sou PISA 2009, volim I, p.104)</p>
R2.2.6_M	<p>Poukisa kripya a te mete lò anba tè?</p>	<p>Endike ke kripya a te vle mete li an sekirite epi/oswa pa t bezwen li (touswit). Egzanp repons kredi konplè:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li te vle kenbe li an sekirite.</li> <li>• Li pa t bezwen depanse li touswit.</li> <li>• Li te vle kache li.</li> </ul>	<p>Repons lan enplike aklè nan enfòmasyon enpòtan nan premye mwatye tèks la, men li pa deklare.</p>
R2.2.6_E	<p>Ilustrasyon</p>	<p>Rekonèt ke mesaj istwa a depann de lò ke yo ap ranplase ak yon bagay ki pa itil oswa ki pa vo anyen. Egzanp repons kredi konplè:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Li te bezwen ranplase ak yon bagay ki pa vo anyen pou fè pwen an.</li> <li>• Wòch la enpòtan nan istwa a, paske tout lide a se li ta ka mete yon wòch anba tè tou pou tout byen lò te fè li.</li> </ul>	<p>Travay la mande pou fè yon konklizyon nan fè yon sentèz enfòmasyon enpòtan nan tout tèks la lè konklizyon an klèman enplike men li pa endike aklè. Sa a se te yon atik Nivo 3 nan PISA 2009. (pibliye nan OECD sou PISA 2009, volim I, p.105–6)</p>
R3.1.2_M	<p>Soutit la nan "Kripya a ak lò li a" se "Yon fab Ezòp." Ki pati nan istwa a ki montre se yon fab tipik?</p> <p>A. Li ka entèprete nan plizyè fason. B. Li gen yon kripyakòm pèsonaj prensipal. C. Gen yon pèsonaj mechan nan istwa a ki vòlè yon bagay. D. Se yon istwa ki genyen yon leson sou viv lavi byen.</p>	<p>D. Se yon istwa ki genyen yon leson sou viv lavi byen.</p>	<p>Travay sa a mande pou konnen tip tèks la, fab. Karakteristik tipik ak karakteristik yon fab, yon istwa ki gen yon moral, li pa evidan menm jan ak kèk fab, ki fini ak yon leson oswa yon moral ekriyen an deklare aklè. Leson fab sa a kache nan dènye deklarasyon vwazen an.</p>

**Tablo 50: Klas 9e AF, Egzanp 3—Enfòmasyon (Melanje Kontinyèl ak Pa Kontinyèl): Premye Machin**

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R1.1.1_M	Yo itilize tèm "premye ane pwodiksyon an" nan Tablo a. Ak kisa tèm "ane pwodiksyon an" refere? A. Lè yo te desine machin nan B. Lè machin nan te fèt C. Lè machin yo te kondwi nan D. Lè yo te mete machin pou vann	B. Lè machin nan te fèt	"Pwodiksyon" gen plizyè siyifikasyon an Anglè. Siyifikasyon li jan yo itilize li nan tèks sa a gen anpil chans pou klas sa pa abitye ak li. Nan kesyon sa a, yo dwe rekonèt siyifikasyon espesifik mo a nan kontèks sa a: tout opsyon yo posib nan kontèks la. (Remake byen "pwodiksyon" an Anglè ak siyifikasyon sa gen anpil chans pou elèv klas nevyèm ane yo pa konnen li. Sa a ka pa aplike nan lòt lang.)
R1.2.3_M	Nan Tablo machin enpòtan nan listwa a, ki machin ki fèt jiska prezan ki te gen plis pase yon milyon ki vann?	Toyota Corolla (Kowola)	De kritè ki dwe matche yo se "prezan" ak "plis pase yon milyon." Mo "prezan" ak "milyon" yo toulède se lyen dirèk ak tèm yo itilize nan Tablo a. Gen kèk enfòmasyon kontradiktwa ki egziste: de nan ranje yo sèvi ak mo "prezan" ak plizyè itilize mo "milyon an".
R1.3.1_E	"Enjenyè ak biznismann yo te kòmanse reflechi sou nosyon machin ki te itilize pwòp sous pisans yo..." Ki sous pisans premye machin nan te itilize?	Gaz	Sèl moso enfòmasyon ki endike klèman ki dwe rekipere se "gaz" (kòmanse twazyèm paragraf). Mo "gaz" nan tèks la se yon lyen sinonim "sous pisans" nan kesyon an. Gen enfòmasyon kontradiktwa nan dezyèm paragraf la, adjasan ak ekstrè ki site nan kesyon an ("Iwil doliv, vapè, oswa elektrisite"), men enfòmasyon sa a enpòtan nan eksplike sa yon "sous pisans" vle di nan pasaj sa a. Gen pi gwo enfòmasyon kontradiktwa nan itilizasyon mo "pisans la" nan twazyèm paragraf la, an relasyon ak motè yo itilize nan premye machin nan ("motorize ak yon motè kat kou, yon sèl-silenn, 0.75-hp, "). Lektè atantif pral remake ke se pa motè a ki sous PISANS lan, men se sa ki pouse li.
R1.3.2_M	A ki vitès Volkswagen Beetle la te ka kouri nan premye ane pwodiksyon li an?	100 kilomèt a lè	Yon kritè bezwen matche (vitès) Volkswagen Beetle la. Tèm yo itilize nan kesyon an (a ki vitès) se yon lyezon sinonim ak tèm yo itilize nan tit Tablo a ("vitès maksimòm"). Enfòmasyon an nan kò Tablo a, kidonk li pa gen yon enpòtan espesyal.
R1.3.3_M	Nan Tablo machin enpòtan nan listwa a, kitès nan machine ki kontwi anvan yo ki te vann plis pase yon milyon?	Modèl T Ford	De kritè ki dwe matche yo se "anvan" ak "plis pase yon milyon." Pa gen okenn lyen dirèk oswa fèmen pou mo "premye" ki itilize nan kesyon an. Se sèlman youn nan machin yo montre nan Tablo a ki satisfè de kritè yo. Gen enfòmasyon kontradiktwa: gen youn nan machin yo ki te pwodwi anvan pase modèl T Ford la, men tout eksepte youn te vann plis pase yon milyon.

Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.7_M	<p>Men kèk enfòmasyon anplis:</p> <p>Youn nan machin ki te plis vann an Afrik nan lane 2019 se Renault Symbol. Renault Symbol la te fèt premye fwa an 1999 epi yo toujou ap fè li.</p> <p>Ajoute enfòmasyon sa yo nan Tablo a. Sèlman ranpli enfòmasyon yo te ba w la.</p> <p>(Repwodwi yon ekstrè Tablo a, ki montre tit ranje yo ak yon ranje ki vid eksepte "Renault Symbol" nan Non kolòn nan.)</p>	<p>Kredi konplè: Ajoute nan selil "Ane pwodiksyon" nan Tablo a, "1999 jiska prezan" oswa yon bagay ki sanble. Pa ajoute nan okenn lòt selil.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• "1999 jiska prezan"</li> <li>• "1999 a kontinye"</li> <li>• "1999 rive nan?"</li> </ul> <p>Kredi pasyèl: Ajoute nan selil "Ane pwodiksyon" nan Tablo a "1999" sèlman oswa "prezan" sèlman, oswa kèk men se pa tout lòt ane yo depi 1999. Pa ajoute nan okenn lòt selil.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• "1999"</li> <li>• "prezan"</li> <li>• "1999, 2000, 2001, elatriye."</li> <li>• "jiska prezan"</li> </ul>	<p>Yo bay tout kredi pou mete tout nouvo enfòmasyon yo bay nan selil ki kòrèk nan Tablo a. Fòm Tablo a klè ak non kritè yo nan tit yo nan tèt chak kolòn. Fòm nan baze sou plizyè kritè (ane pwodiksyon, kantite ki vann, elatriye) nan plas yon sèl kritè.</p> <p>Yo bay yon pati nan kredi pou mete kèk nan nouvo enfòmasyon yo bay nan selil ki kòrèk la nan Tablo la.</p>
R3.2.2_M	<p>Sa se yon pati nan dènye fraz sou enfòmasyon sou premye machin yo: "Machin nan te chanje nan tout rekonesans depi lè sa a ..."</p> <p>Eske se vre? Bay prèv nan tèks la pou sipòte repons ou.</p>	<p>Reponn Wi epi dekrè oswa site nan tèks la pou endike yon chanjman (egzanp, machin yo te kapab kouri sèlman 16 km a lè, pa sanble ak kabwèt ankò, gen kawotchou an kawotchou)</p> <p>OSWA</p> <p>Reponn Non epi dekrè oswa site nan tèks la pou endike yon resanblans (egzanp, toujou ap mache ak gaz, toujou yon machin prive ou chwazi ...)</p>	<p>Konklizyon an endike aklè nan dènye fraz la nan pati kontinyèl tèks la. Gen yon gran varyete bon repons posib, ki gaye nan pati kontinyèl ak pati ki pa kontinyèl tèks la. Repons ki pi evidan se "Wi," men gen posibilite bon repons negatif tou, sa ki fè se yon kesyon evalyasyon otantik, nan plas li ta senpleman yon entèpretasyon tèks la.</p>
R3.3.1_M	<p>Paragraf ki kòmanse "Li te gen twa wou fil ..." gen reyalite ak opinyon. Kilès nan pati sa yo nan paragraf la ki gen yon opinyon ladann?</p> <p>A. "Li te gen twa wou fil, nan plas li ta gen menm sa yo ki nan yon bisiklèt."</p> <p>B. "Li te fè yon vwayaj 100 kilomèt."</p> <p>C. "Pou vizite manman l."</p> <p>D. "Vwayaj pyonye sa a te demontre valè nouvo veyikil la."</p>	<p>D. "Vwayaj pyonye sa a te demontre valè nouvo veyikil la."</p>	<p>Kesyon an mande klèman rekonesans yon opinyon nan yon pati limite nan tèks la. Adjektif la "pyonye," ak konotasyon li nan sans benefis pozitif ak avanti, ak pretansyon ke vwayaj sa demontre valè, se eleman sa yo sèlman nan ekstrè a ki pa reyalite a san pou san. Pa gen okenn jistifikasyon obligatwa, kidonk sa se yon nivo "satisfè" nan plas nivo "depase".</p>

**Tablo 51: Klas 9e AF, Egzanp 4—Ekspresif: Entèlijan oswa Travay Di?**

Ref #	Sjè	Kle Akseptab	Nòt
R2.2.4_E	<p>"Sa se fason ki pi entèlijan pou fè bagay yo." (fraz final opinyon Alba a)</p> <p>A Kisa Alba ap fè referans?</p> <p>A. Rekonèt egzijans sitiyaasyon an</p> <p>B. Apresye rezilta travay di</p> <p>C. Enpresyone paran li</p> <p>D. Reyalizasyon li espere de tèt li</p>	A. Rekonèt egzijans sitiyaasyon an	Kesyon sa mande lektè a pou li idantifye yon eleman nan pwèn de vi Alba a lè pwèn de vi a pa enpòtan epi li pa deklare aklè. Repons kòrèk la parèt sou fòm jeneral, nan plas li abstrè, tèm nan kle a, "rekonèt egzijans yo nan sitiyaasyon an." Alba devlope agiman an nan repons li a, ak: "yon ti kras panse efikas ka sove anpil èdtan gaspiye," menm jan "pafwa sa enplike travay di epi pafwa li pa di."
R2.2.5_M	<p>Alba ekri ke moun ki gen konsyans "toujou bezwen yo remake efò yo."</p> <p>Ki pati nan repons Fouad la li ta ka itilize kòm prèv pou opinyon sa a?</p> <p>A. "Li evidan li pi bon pou w travay di pase pou w entèlijan epi sèlman 'moun entèlijan' panse yon lòt fason."</p> <p>B. "Nou tout konnen elèv ki gen don ki kwè ke entelijans yo ase pou asire siksè yo."</p> <p>C. "Mwen ta pito travay di pase pou'm entèlijan, paske moun ki entèlijan yo toujou anba presyon pou fè pèfòmans."</p> <p>D. "Mwen prefere enpresyone paran mwen ak lòt moun ak pèsistans."</p>	D. "Mwen prefere enpresyone paran mwen ak lòt moun ak pèsistans."	Travay la mande pou idantifye prèv ki soti nan yon tèks kòm egzanp yon deklarasyon ki fèt nan yon lòt. Relasyon ki genyen ant afimasyon Alba a ak demonstrasyon Fouad nan yon dezi pou paran li yo "remake li" gen tout enpòtans li, jan li nan dènye paragaf repons li a. Fraz "enpresyone paran mwen ak lòt moun" bay yon lyen solid ak kesyon an, menmsi li pa yon lyen eksplisit.
R2.3.1_E	<p>Fouad panse travay di pi bon pase lè yon moun entelijan.</p> <p>Ki agiman prensipal li pou kore opinyon sa a?</p> <p>A. Se sèlman moun ki entèlijan ki panse ke li pi bon pou yon moun entelijan pase travay di.</p> <p>B. Ou aprann anpil nan travay di, menm si ou echwe.</p> <p>C. Gen benefis nan travay di ki plis pase siksè rezilta a.</p> <p>D. Moun yo admire ou plis paske ou travay di pase pou ou entelijan.</p>	C. Gen benefis nan travay di ki plis pase siksè rezilta a.	Tout twa distraktè yo se lide ki deklare oswa ki kache nan tèks la, men yo ap kontribye lide nan liy agiman prensipal la. Kle a rezime tout eleman agiman Fouad mete a. Li pa yon lide enpòtan, nan sans ke li pa deklare epi li mande yon wo nivo de dedikasyon, ki pou travay nan tèks la.
R3.1.3_M	<p>Kiyès Fouad ap eseye konvenk ak repons li an?</p> <p>A. Timoun piti</p> <p>B. Elèv ki gen menm laj avèk li</p> <p>C. Moun ki ap fè biznis</p> <p>D. Paran li</p>	B. Elèv ki gen menm laj avèk li	Yo pa endike piblik lan aklè nan tèks la, men plizyè referans nan tèks la se sou eksperyans elèv yo, ki fè "elèv ki gen laj li" se pi bon altènatif. Pèspektif elèv yo pa ka Mennen nan moun ki ap fè biznis yo, epi sijè a ak lang yo itilize yo pa apwopriye pou timoun piti—menm si evalyasyon sa a pa kore avèk endikasyon enpòtan nan tèks la. Referans Fouad a paran li tou pre fen repons lan sijere ke yo deja bò kote li; li pa bezwen konvenk yo.



Ref #	Sijè	Kle Akseptab	Nòt
R3.1.3b_M	Fouad ak Alba te ekri repons yo pou jounal/sit entènèt lekòl yo a. Jwenn prèw nan repons yo pou montre ke yo ap atann pou elèv parèy yo li yo.	Repons refere ak oswa site pou pi piti youn nan: <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yon pèspektiv ki gen rapò ak etid oswa elèv yo</li> <li>• Enterè nan opinyon paran yo, ki ta ka sijere yon piblik jèn (elèv)</li> <li>• Atant yon lekòl oswa elèv de yon eksperyans komen nan "Nou tout konnen elèv ki gen don..."</li> </ul>	Piblik lan pa endike klèman nan tèks la, men referans yo sou etid ak paran yo se prèw enpòtan ki montre repons yo ekri pou yon piblik elèv.
R3.2.1_M	Fouad panse travay di pi enpòtan pase entelijans. Alba panse entelijans pi enpòtan pase travay di.  Ou dakò ak Fouad oswa Alba? Bay yon rezon pou kore repons ou an, sèvi avèk prèw ki soti nan tèks la.	Reponn "Fouad" epi site oswa parafraze avèk presizyon youn nan agiman li yo ki endike aklè valè li bay travay di sou entelijans.  Reponn "Alba" epi site oswa parafraze avèk presizyon youn nan agiman li yo ki endike aklè valè li bay entelijans sou travay di.  Reponn "Tou de" oswa "Ni youn ni lòt" epi site oswa parafraze avèk presizyon nan tou de agiman yo. (Yon agiman ka enplisit.)  Pa bay nòt: "Mwen dakò ak Alba paske mwen panse li pi enpòtan pou ou entelijan." (Repete kontni kesyon an.)	Sa mande yon repons konstwi. Pèsonaj yo nan pyès la gen pozisyon klèman kontraste. Mete rezime agiman yo nan kesyon an retire posiblite pou repons lan ta senpleman repete lide prensipal chak pèsonaj te avanse. Men, li relativman senp pou jwenn yon seksyon nan youn (oswa toude) agiman yo pou kore opinyon yo bay la.
R3.3.1_P	Kilès nan kòmansman fraz sa yo ki montre aklè Fouad ap bay yon opinyon pèsonèl? A. "Nou tout konnen..." B. "Sa mande efò..." C. "Li pi rekonpanse ..." D. "Mwen ta pito..."	D. "Mwen ta pito..."	Fòm chwa miltip la ofri kat opsyon, se sèlman youn nan yo ki di dirèkteman yon opinyon ("Mwen ta pito ..."). Lòt opsyon yo prezante lide, ki ka opinyon men yo prezante sou fòm afimasyon reyalyte. Deklarasyon preferans eksplisit la enpòtan nan tèks kout sa a.